№7 (19891) hakikat_gazeta hakikat1917@mail.ru hakikat.info

АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ

# ХIАКЪИКЪАТ

МАГIАРУЛАЗУЛ РЕСПУБЛИКАЯЛЪУЛАБ КАЗИЯТ

23 февраль 2024 с. рузман

21 ФЕВРАЛЬ - ХАЛКЪАЗДА ГЬОРКЬОСЕБ РАХЬДАЛ МАЦIАЗУЛ КЪО

## Гьаб мацIалъ бицана дунялалъе кIудияв шагIирас Дагъистаналъул




**1999 соналъул 17 ноябралда ЮНЕСКОялъ гьабураб лъазабиялда рекъон, 2000-абилеб соналдаса нахъе, 21 февралалда кIодо гьабула халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIазул къо. Гьелъул мурад буго мацIазулги маданиятазулги хаслъи цIуни.**

**ООНалъул баяназда рекъон, дунялалда буго анкьазаргоялде гIагарун батIияб мацI. Гьезда гьоркьоса 2500-ялдаса цIикIкIун мацI тIагIиналда хIинкъиги буго. Щибаб кIиго анкьида жаниб дунялалда тIагIуна цо мацI ва цадахъго гьеб мацIалда букIараб рухIияб бечелъиги.**

**МагIарул мацIги цIарги рикIкIалъизе, билизе биччачIого цIунизе квербакъулел чагIи ккола нилъ киналго - умумул, газеталъул хIалтIухъаби, школалда рахьдал мацI цIунизе хIаракат бахъулел учительзаби.**

РЕСАЛ ВА МАСЪАЛАБИ

МухIамад Юсупов:

## «КОРалъул лъим гьекъоларо нилъеца!»



**Дагъистаналъул цо-цо росабалъегун шагьараздe лъим бачараб Октябралъул революциялъул цIаралда бугеб каналалда (КОР) гIемер къварилъаби ккола. Гьале дагьалъ цебеги ахIи бахъана тренерасда цадахъ унел лъималгун машина гьенибе бортиялда бан. КОРалъул масъалабазул хIакъалъулъ нижеца гара-чIвари гьабуна «Дагмелиовод» ФГБУялъул нухмалъулев МухIамад Юсуповасулгун.**

**- МухIамад, КОР баялъул аслияб мурад щиб букIараб?**

- КОР буго нилъер ракьал лъалъаялъул мурадалда бараб канал. Гьеб бана 1923 соналда ва бахъун буго Сулахъалдаса Избербашалде щвезегIан. Шагьар къотIун бан букIинчIо гьеб. Гьелъул гIаксалда – шагьар бана КОРалда сверухъ. Гьединго гьелда сверухъ лъугьана росабиги. Сверухъ рарал бакIазул гIемерлъиялъ, нилъеда жакъа бихьизецин бихьуларо гьеб.

*(Хадусеб 4-аб. гьумералда)*

ЦIЕХ-РЕХ

**Расулил тIоцебесеб гIелмияб басма**



**6 гьум. >>>**

ГИДАЗУЛ КЪО

**Нилъеда лъалебги лъаларебги**



**8 гьум. >>>**

ЗАМАНАЛЪУЛ ГЬОКО

**«…ЦIар дурго халкъалъе хвел гьечIеб тана»**



**10 гьум. >>>**

# ВатIаналде рокьи куцала хъизамалдаги школалдаги

**18 февралалда, Москваялда, «ТIолабго Россия» абураб выставка-форумалда тIобитIана Лъай кьеялъул къо. Гьелда гIахьаллъана Дагъистанги.**

**Нилъер республикаялъул стендалъухъ балагьизе вачIана азаргоялдасаги цIикIкIун чи. Гьелъие гIиллалъун ккана ахирал соназда Дагъистаналда гьабураб пайдаяб хIалтIул хIасил. Балагьаразе кIудияб асар гьабуна, масала, «ДРялъул игIланазул азбука» абураб бокIоналъ. Гьеб проекталъул хIакъалъулъ хъван букIана «ХIакъикъаталдаги». «ИгIланазул азбука» хIадуруна Ленинкенталъул №35 гимназиялъул учительница Элмира МухIамадовалъул нухмалъиялда гьоркь цIалдохъабазул къокъаялъ. Проекталъе квербакъана «Альтаир» абураб пагьмуязул централъги ДРялъул Лъай кьеялъул министерствоялъги.**

## КIиабилеб бокIон – «Дир Дагъистан. Дица гIумру гьабулеб ракь»

Гьеб буго гIагараб ракь лъазабиялъул мурадалда хIадурараб проект. Аслияб кIвар буссинабун буго республикаялъул тарихги гIадаталги лъазариялде. БокIон къачIана ДРялъул Лъай кьеялъул министерствоялъги, «Родное слово» абураб гIелмиябгун лъай кьеялъул союзалъги ва «ГIагараб ракь. Дир Дагъистан» абураб проекталъул авторазги.

Гьенив кIалъазе вахъана «Родное слово» абураб союзалъул председатель, РФялъул президентасда цебе бугеб ГIурус мацIалъул советалъул член Константин Деревянкоги.

## «Туризм ва гIадамазе хъулухъ гьаби»

Гьеб бокIоналда тIиритIун рукIана гьоркьохъеб махщеллъиялъул цIалул идарабазда туризмалъе хIажатал махщелчагIи хIадуриялъул хIакъалъулъ бицунел стендал. Рехсараб бокIон гIуцIана Дагъистаналъул халкъияб магIишаталъул пачалихъияб университеталъ.



Лъай кьеялъул къоялъул хIасилал гьарулаго, РФялъул лъай кьеялъул министр Сергей Кравцовас тIадегIанаб къимат къуна Дагъистаналъул хIаракаталъе.

Ахирал соназда гьабураб хIалтIул хIакъалъулъ бицунаго, лъай кьеялъул идараби цIигьариялъухъ ва гьезие минаби раялъухъ кIиго дипломалъе мустахIикълъана нилъер республика. ДРялъул бетIер Сергей Меликовасухъе дипломал къуна РФялъул вице-премьер Татьяна Голиковалъ.

## КIиго батIияб шапакъат – Дагъистаналъе

Сергей Кравцовасул баяназда рекъон, 2019 соналдаса нахъе Россиялда рагьана 1676 лъималазул ах, гьанжезаманалъул 1552 ва къучIдасанго къачIана 4500 школа. «Хасго бицине бокьун буго Дагъистаналда гьабураб хIалтIул хIакъалъулъ. Лъималазул ахалги школалги раялъул рахъалъ тIаде босараб кинабго хIалтIи рагIалде бахъинабуна гьез», - янги абун, гьадинал хIужабиги рехсана министрас: «2019 соналдаса нахъе Дагъистаналда бана 31 азаргоялдаса цIикIкIун цIалдохъанасе гIаммаб бакI бугеб 84 школа ва 12500 лъимадуе бакI бугеб 84 лъималазул ах. 2022-2023 соназда къучIдасанго къачIана 342 школа ва 61 лъималазул ах», - ан.

> «2019 соналдаса нахъе Дагъистаналда бана 31 азаргоялдаса цIикIкIун цIалдохъанасе гIаммаб бакI бугеб 84 школа ва 12500 лъимадуе бакI бугеб 84 лъималазул ах. 2022-2023 соназда къучIдасанго къачIана 342 школа ва 61 лъималазул ах».

Гьелде тIадеги, «Прорыв 2023 года» абураб номинациялдаги къуна Дагъистаналъе диплом. Гьелъие гIиллалъун ккана гьоркьиса федералиялги республикаялъулалги программабазда рекъон лъай кьеялъул идараби рай: 15126 цIалдохъанасе бакI бугеб 37 школа ва 1100 лъимадуе бакI бугеб 11 лъималазул ах. 2023 соналда лицензияги щун, хIалтIизе байбихьана 19 школа ва 26 лъималазул ах – ракIалда букIана 13 школа ва 24 лъималазул ах хIалтIизе биччазе.

Сергей Меликовас баркала къуна Дагъистаналъул педагогазегун насихIатчагIазе. Гьес бицана МахIачхъалаялда бараб ГIурус учительницаялъул памятникалъулги, республикаялъул лъай кьей цебетIезабиялъулъ гьез лъураб бутIаялъулги ва жакъасел учительзабаз гьабулеб хIаракаталъулги хIакъалъулъ. «Жакъа улкаялда захIматаб хIал буго. СВОялда бахIарчилъи бихьизабулеб буго Дагъистаналдаса рагъухъабазги. Гьезие лъикIаб тарбиягун лъай къун букIинчIебани, ватIан цIунизе гьел рахъинароан. ВатIан бокьи гьезулъ куцана хъизамалдаги школалдаги. Нилъ бергьине рукIиналде кинабгIаги шакльиги гьечIо», - ян абуна С. Меликовас.

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

## БАРКИ

23 февралалда улкаялъ кIодо гьабула ВатIан цIунулесул къо. Жакъа гIезегIан гIолохъабаз байрамалда дандчIвай гьабулеб буго кьалул майданалда, ракълилаб гIумруялъе, улкаялъул чияда бачIолъи цIуниялъе гIоло.

2024 соналда гьеб байрам цIакъго кIвар бугеблъун ккола. Щайгурелъул 2022 соналъул 24 февралалда байбихьана хасаб рагъулаб операция. Гьебго соналъул хаслихъе байбихьана мобилизацияги.

Нилъер бихьинал кьерун чIечIо. Повестка бачIаралги, ракIалъ ахIаралги, жидеего бокьун, ВатIан цIунизе къватIире рахъана. Гьел нилъер щивасе бахIарзаллъунги ккола.

РФялъул Оборонаялъул министерствоялъ тIобитIулеб буго «ВатIан цIунулесухъе кагъат» абураб ТIолгороссиялъулаб акция. Гьеб акциялда гIахьаллъизе ахIулел руго цIалдохъаби, гIолилазул гIуцIаби – хасаб рагъулаб операциялда ругезухъе кагътал хъвазе, гьезда байрам баркизе. Гьединаб кагъат яги посылка битIизе бегьула Россиялъул почалъул отделениялдаса. Рагъухъанасул фамилия, цIар гуребги, гьениб бихьизабизе ккола рагъулаб часталъул номерги, хъвазе ккола «103400, Москва 400». Адресатасухъе гьеб битIула РФялъул Оборонаялъул министерствоялъ. Россиялъул почалъ СВОялде кагътал ва посылкаби ритIаралъухъ гIарац босуларо, амма гьезул цIайи 10 килограммалдаса цIикIкIине бегьуларо.

РФялъул Оборонаялъул министерствоялъул ва дирго рахъалдасан киназдаго баркула ВатIан цIунулесул байрам.

Гьарула киназего сахлъи, икъбал, бихьинчилъи, бахIарчилъи!

***Даитбег МУСТIАПАЕВ,***
***ДРялъул рагъулав комиссар***

# Хинаб бусенги татуяб квенги тIаса бищичIо

**ДРялъул бетIер Сергей Меликов дандчIвана СВОялъул гIахьалчагIазул хъизамалгун. ДандчIвай тIобитIана Гьудуллъиялъул минаялъуб.**



«Украинаялда хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулел нилъер ракьцоя щибаб кьоялъ бихьизабула бахIарчилъи. Гьезул цоцоял, ватIаналъе гIоло рухIги кьун, нилъедаса ратIалъана. Гьединал хIужабаз пашманлъизабула ракI. Абадияб дунялалде дол ана ватIан цIунулаго – щивав чиясе гуро гьединаб рес щолеб. Нилъеда гьел киданиги кIоченаро, ва нилъеда тIадаб буго гьезул хъизамазул тIалаб гьабизе», - ян абуна С. Меликовас.

Рагъухъабазе гьабулеб квербакъиялъул хIакъалъулъ бицана ДРялъул рагъулав комиссар Даитбег МустIапаевасги ДРялъул захIматалъул ва социалияб цебетIеялъул министр Мурад Казиевасги. Кумек гьабулеб буго федералиябги республикаялъулабги даражаялда. Нахъекьан чIоларо муниципалитеталги. БакIалъул нухмалъиялъул вакилзаби уна рагъухъабазул хъизамазухъе ва кумек гьабула лъималазул ахикье, школалде ва тIадегIанал цIалул идарабазде гьезул лъимал лъугьинаризе. Росабалъ чIолел руго РакIалде щвеялъул ахал, къватIазегун школазе кьолел руго рагъда чIварал гIолохъабазул цIарал.

ЧIварал рагъухъабазул улбузегун лъудбузе кумек гьабулеб буго «Цогояб Россиялъул» Руччабазул гIуцIиялъги. Гьелъул хIакъалъулъ бицана рехсараб партиялъул вакил ва Руччабазул гIуцIиялъул Дагъистаналда бугеб регионалияб отделениялъул нухмалъулей, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул комитеталъул председателасул заместитель Елена Ельниковалъ.

ДандчIваялда гIахьаллъана СВОялъул гIахьалчагIиги. «Рагъда чIварал гIолохъаби мустахIикъал руго рецщалъе – гьезул цонигияв тушманасе къуркьичIо. Хинаб бусенги татуяб квенги тIаса бищичIо гьез. Дораса тIадруссарал нижедаги ватIаналда ругел цогидаздаги, ай киназдаго тIадаб буго рагъда ругел гIолохъабазеги гьанир ругел гьезул хъизамазеги кумек гьабизе», - ян бицана СВОялъул Ветераназул советалъул председатель Камалудин Юсуповас.

Тадбиралда гIахьаллъарал кадетазул школазул цIалдохъабазеги асар гьабуна СВОялъул гIахьалчагIазулгун гьабураб гара-чIвариялъ.

Регионалъул бетIерасеги хIукуматалъул вакилзабазеги дандчIваялда суалал къуна рагъухъабазул эбелинсуца. С. Меликовас рагIи къуна щибаб хитIабалъухъ халгьабизе ва щивасул масъала тIубазабизе.

***К. СУЛЕЙМАНОВА***

# Театразда гьоркьоб - тIоцебесеб

**М. Горькиясул цIаралда бугеб пачалихъияб ГIурус театралъе кьучI лъуралдаса 100 сон тIубала исана. Жакъа театралъул бугеб ахIвал-хIалалъулги юбилеялъулал тадбирал кин тIоритIизе ругелалиги бицана ДРялъул культураялъул министр Зарема Бутаевалъ, театралъул бетIерав режиссер Скандарбек Тулпаровас ва директор Тимур МухIамадовас.**

«ГIурус театр ккола республикаялъул профессионалиял театразда гьоркьоб тIоцебесеблъун. Гьеб рагьана 1924 соналъул октябралда. Гьебго соналдаго театралда цебе рагьана, миллиял театразе кьучIлъун лъугьараб, драмаялъулаб студия.

Миллатал гIемераб республикаялда, ГIурус театр ккола киналго миллатал цолъизарулеб кьебелъилъун. Нусгосонилаб нухги нахъа тун, жакъа театр лъугьун буго республикаялъул гIадамазеги тIаде рачIарал гьалбадериеги бокьулеб, ракI-ракIалъ гIадамал хьвадулеб бакIлъун.

*«Бечедаб репертуаргун театралъ гастролал гьарула Астраханалдаса бахъараб Сыктывкаралде щвезегIан. ГIахьаллъи гьабула ТIолгороссиялъулал ва Халкъазда гьоркьосел фестивалазда»*, - ян абуна **З. Бутаевалъ**.

Юбилеялъулал тадбирал тIоритIизе ругин октябралъул байбихьудаян бицана **С. Тулпаровас**.

*«Юбилеялде рачIине руго гIемерал гьалбалги - МХАТалъул, Санкт-Петербургалъул, Севериияб Кавказалъул регионаздаса театрал, телевидениялдасан гурони нилъеда рихьуларел актерал. «Русская сцена» абураб фестиваль тIобитIизе буго, рихьизарила цIияв асаразда лъурал пьесаби. ХIадурулеб буго Зофия Посмышил «Пассажирка» абураб, рагьда хадусел соназул бицунеб церарахъин»*, - ан бицана гьес.




*«2015 соналда лъагIалие 7 миллион щолеб букIун батани, жакъа театралъ церерахъиназдалъун лъагIалида жаниб 28 миллион хайиралъул гьабула. Цере театралде цого чагIи гурони рачIунел рукIун ратичIони, ахираб заманалда театралде рачIунел гIолилазул къадарги гIемерго цIикIкIунеб буго. Гьелъие квербакъулеб буго Пушкинил картаялъги. Гьеб киназдаго лъала, 5000 гъурущ тIад бугеб картаялдалъун культуриял кIалгIабазде, театраздегун музеязде ине рес буго гIолилазул. Цо цIияб постановкаялда тIад миллионгун бащдаб гъурущ харж гьабула. Гьединго театралъул рес буго, цогидал шагьараздасаги вачIун, рукъ кквезе кколев хIалтIухъан вугони, гьесиеги кумек гьабизе»*, - ян бицана **Т. МухIамадовас**.

Данделъиялда гьединго бицана профессионалиял гурел, районазда жалго лъикIал лъугьун гIуцIарал, росабазул культураялъул рукъзабахъ халкъиял театралги ругин. Гьезул хIалтIул халгьабулеб буго РДНТялъ (республикаялъул халкъияб творчествоялъул рукъ). Гьел театрал гIахьаллъула батIи-батIиял фестивалаздаги байрамаздаги.

Гьенибго абуна ахираб лъабго соналъ бицунеб хабар бугин «Земский культураялъул хIалтIухъан» абураб федералияб программа гIумруялде бахъинабиялъул хIакъалъулъ. Амма жеги гьеб тасдикъ гьабун гьечIинги.

***П. МУХIАМАЕВА***

# АскIоб хIор бугониги…

**Къойидаса къойиде кIодолъулеб бугеб МахIачхъалаги, гьебгун цолъулеб бугеб Каспийскги, хадубккун, кидаго лъим гIоларого букIараб Избербашги лъедалъун хьезабиялъе 2023 соналда къабул гьабун букIана ЧIикIаб-МахIачхъала-Каспийск мухъалда лъим бачиналъул проект. Гьелда рекъон, ЧIикIаб ГЭСалъул хIориниса, чIахIиял рогIралги лъун лъим бачиналъул Севериияб Кавказалда тIокIаб кибго гьечIебгIан кIудияб хIалтIи (гIаммаб багьа 10,5 миллиард гъурущ) лъугIизе ккола 2025 соналда. ГьабсагIаталдайин абуни, гьеб хIалтIи тIадбан унеб буго.**

Гьебго заманалда, жибго ЧIикIаб росулъги рагIалде щун тIубан гьечIо лъел суал. Гьезда сверухъ ахираб заманалда лъугьун буго гIезегIан хIалуцараб хIал, ккана росдал гIадамалги къватIире рахъун, гьез разилъи гьечIолъи загьир гьабурал хIужабиги.

Гьеб рахъалъ нижее мухIканаб баян кьуна росдал жамагIатчи **МуртазагIали-хIажи Якъубовас**.



- Тамашаяб ахIвал-хIал лъугьун буго лъоба, лъел хIоралда аскIоб бугеб нижер росулъ буго лъел къварилъи. 1970-абилел соназда росулъ букIана 850 цIараки, гьениб бараб станциялъ ЧIикIаб ГЭСалъул хIориниса кьабураб лъимги эркенго гIолаан. ГьабсагIаталда ЧIикIаб буго ункъазаргогIанасеб цIараки ва гIумру гьабула 12 азаргогIанасев чияс. Гьеб станциялда хIалтIулеб бугеб кIиго насосалъ (нагагьлъун гьел хвани тIубараб росу хутIизе буго лъим гьечIого) кьабураб лъимги гьезие гIезе кинго рес гьечIо.

Росулъе гьеб кьола (гьеб бикьула Дубки поселокалдеги, Буйнакск шагьаралдеги) анкьида жаниб цо ялъуни кIиго нухалъ, радал 8-ялдаса 4-5 тIубазегIан. МахIачхъалаялде цIияб лъел мухъ бачиналда дандечIарал чагIиги ниж гуро. Амма нижер руго чIванкъотIарал, тIуразе тIадеги росун, Сергей Меликовасда цебе рагIиги кьун рукIарал, кинго тIуралароого ругел тIалабал.

ТIоцебесеб ва аслияб, цIиял, чIахIиял рогIралги лъун, цоги хIажатаб хIалтIиги гьабун, гIураб къадарада росулъ лъим чIезаби.

КIиабилеб, МахIачхъалаялде цIияб лъим бачунаго холеб буго нижер саламатаб ракь, гьадинги гьелъул гьарзалъи гьечIеб росулъ. Гьединлъидал нижедаса унеб гьеб ракьалъухъ росдае букIине ккола компенсация.

Гьелдаго цадахъ М. Якъубовас бицана жакъа росдал бегавулас гIемераб хIалтIи гьабулеб бугин росдал масъалаби тIуразариялъеги.

- КIиго лъагIалидаса цIикIкIун заман буго Буйнакск районалъул ЧIикIаб росдал бегавуллъун Дациев ГьазимухIамад вищаралдаса. Жиндаго цадахъ гьес хIалтIизе вачана живго гIадал жигарал, росуги бокьулел, лъайги бугев чанго чиги. ХIалтIул байбихьуда росуцоязул данделъиялда ГьазимухIамадица мухIканго бицана росдал ургьелал, гIузраби, гIунгутIаби лъикI ричIчIулеллъи ва гьел киналго, цадахъ рекъон, тIуразе кколеллъи.

Жиндирго хIалтIулъ ГьазимухIамадица тIалаб гьабула росуцоязул, росдал тарих цIуниялда хурхарал гIезегIан хIалтIабиги гьарула.

Ахираб кIиго соналда жаниб хIасил гьабизе бегьила росуцоязул материалияб рукIа-рахьин, яшав цIебетIезабиялъе гьарурал хIалтIабазулги. Масала, гьарун руго гIезагIан мехалъ рехун тун рукIарал хIалтIаби, ай росулъе газ, лъим бачиналда, ток чIезабиялда, къаси гIужалда къватIахъ канлъи букIинабиялда хурхарал. Гьединго рагьана ахираб 10-15 соналда жаниб бан лъугIизабизе кIоларого букIараб спортзал, росдал лъималазе ва гIолохъабазе футбол хIазе майдан. Гьелде щвезегIан лъимал хIадур гьарулел рукIана цIакъ хашаб хIалалда букIараб клубалъул цо рокъоб.

Росулъ рагьана цIияб парк, лъималазеги чIахIиязеги хIухьбахъи гьабизе санагIатаб, чанго къватIалде тIуна хьил.

Гьоркьиса 15 ноябралда, ГьазимухIамадил хIаракаталдалъун, росулъе вачIун вукIана ДРялъул бетIер Сергей Меликов, хIукуматалъул нухмалъулев ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимов ва чанго министерствоялъул нухмалъулел. Гьел мухIканго гIенеккана росдал масъалабазухъ ва рагIи кьуна бажарараб куцалда кумек гьабизе.

ГIемерлъун руго росулъ лъимал, къваригIун буго цоги школа ва яслиахал. Гьеб киналъегоги кумек гьабизе рагIи кьуна ДРялъул нухмалъиялъ.

Росдал рахъалдасан гьелъие гьаризе кколел хIалтIаби администрациялъги тIуразаруна.

Кумек гьабизе бугин лъазабуна газалъул цIияб мухъ бачиналъеги. Щайгурелъул, бачараб газ букIана 870 цIаракиялъе хIисаб гьабураб. Гьанжейин абуни, тIадехун абухъе росулъ буго ункъазаргогIанасеб цIараки, - ян бицана хадубги МуртазагIали-хIажи Якъубовас.

***ГIабаш ГIАБАШИЛОВ***

## РАЙОНАЗДАСА ХАРБАЛ

### Казбек

ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат Мухтарпаша ГIумаханов щвана районалъул ХIамзаюрт росулъа хасаб рагъулаб операциялде аразул хъизамазухъе.

Щуго лъимадул эмен, Ризван Хасбулатов мобилизациялъул заманалда СВОялде ун вукIана, гьабсагIаталда сахлъи рукIалиде ккезабулев рокъов вуго.

АхIмад ГIабдулаевасул эбел Мадинаца депутатасда бицана вас 2022 соналдаса нахъе СВОялда вугин. Лъукъунги вукIун, госпиталалдаса виччарав цIидасанги тIадвуссун анин.

Кинаб кумек хIажалъаниги, къваригIел тIубазе бугилан рагIи ккуна депутатас.

### ЦIунтIа

Райадминистрациялда тIобитIана «Рахьдал мацI - халкъалъул рухI» абураб дандеруссин. Гьениб бицана жакъа рахьдал мацIазул бугеб хIалалъул. Хъвадарухъаби, гIалимзаби тIаделъун мацI цIуниялъе хIалтIи гьабизе кколин абураб хIасил гьабуна данделъиялда.

### ЛъаратIа

Районалъул Шидиб росдал гIолилазул цевехъан Адам ШихсагIидовги цогидал гIолохъабиги дандчIвана СВОялъул гIахьалчи ХIамид ГIабдулжалиловгун. Лъукъарав гьев отпускалъ рокъове вачIун вуго.

МухIамад Юсупов:

# «КОРалъул лъим гьекъоларо нилъеца!»

## Минаби ран рукIана, каналалде мугъги къун

**- Дагьалъ цебе КОРалда жанибе бортана машина ва гьелдаса хадуб ахIи балеб буго гьелда сверухъ къед базе кколин абун. Лъица базе кколеб гьеб?**

- КОРалъул руго чанги басралъарал ва церегоялдаса нахъе рехун тарал масъалаби. 100 соналда жанир гьенир ккарал къварилъаби гIемер гьечIо. Республикаялъулаб кIваралъул объекталда къварилъаби гIемер ккечIолъиялдаса вохун гуро дица гьедин абулеб бугеб. Гьайгьай, хIаракат бахъизе ккола гьединаб иш лъугьунгутIиялъе. Щай? Щайгурелъул байбихьуда минаби ран рукIана, каналалде мугъги къун. Гьенисан шагьранух лъугьиндал, гIадамаз жидерго каваби КОРалдехун руссинаруна. ЧIахIиязул тIалаб гьечIого хутIарал лъималги машинабиги гьенире ртиялъул хIужабиги раккана. Гьанжесеб лъугьа-бахъиналъниги кантIизаризе ратила нилъ КОРалъул масъалабазде тIаделъизе.

Гьал къоязда МахIачхъалаялъул мэриялда тIобитIана данделъи. Гьениб гIуцIана хIалтIулаб къокъа. БакIалдеги щун, бугеб ахIвал-хIалги кагътиде босун, чIезаруна къварилъи ккеялъул хIинкъи цIикIкIарал КОРалъул бутIаби. Гьаб гIагараб заманалда тIубазе буго кIиго масъала. ТIоцебесеб, гьукизе буго КОРалъул рагIаллъабаздасан цо рахъалдехун гурони машина бачине. Гьедин хьвадула машинаби гьабсагIаталдаги, амма цо-цо бакIазда кIиябго рахъалде хьвадулаан гьел.

КIиабизе, руго нух сверулел бакIал ва гьенирги кколаан гIемер авариял. Гьединал бакIазда КОРалъул рагIалчIван чали гьабизе буго.

Шагьаралъул къватIазда ккoлел къварилъабазул хIисаб гьабидал, гьадинаб пикру бачIуна: КОР букIинчIебани, низамги хвезабун машина бачунев чияс гьеб хIоболъ яги кинабалиго къадалъ речIчIизабилаан. КОР сверун чалини балин, ракIчIолищ гьебги чIунтизабун, машинаби тIокIалъ лъелъе ртунгутIиялда? Щиб лъалеб, лъелъе машина бортиялъги чIаго хутIун ратизе бегьула гьелда жанир рукIарал гIадамал? Бетоналъул къадалъ речIчIарабани, щиб ккезе букIараб? Гьелъулги хIисаб гьабизе ккела. Гьелде тIадеги, кинаб хIал букIинеб шагьаралъул къватIазда, каналалъул рагIаллъабазда рорхатал къадал рани? Гьелъулги хIисаб гьабизе ккола.

## Щолеб хайиралъул хIисаб гьабураб гIоларо

**- КОРалда аскIорги гьелда тIадги ран руго батIи-батIиял бакIал: заправкаби, тукаби, рестораналгун кафе. Гьездаса КОРалъе яги КОРалдаса гьел бакIазе хIинкъи букIунищ?**

- Гьал къоязда щвана дун МахIачхъалаялъул Узбекгород абулеб микрорайоналде. Гьаниб – банкетазул зал, аскIоб – гIемертIалаяб мина ва гьелда жанир – тукаби. Гьелдаго аскIоб – базар. Дагьалъ дорегIан ран руго гIемертIалаял минаби ва гьезул азбарлъун буго КОРалда тIад тIиритIарал къанал. Щиб гьабилеб гьезда? Гьел разе ихтияр къурал гIадамазул ботIролъ кинал пикраби рукIарал? Гьединабго хIал буго М. Ярагъиясул, Генерал ГIумаровасул, Амет-Хан-Султанил цIаразда ругел къватIазда гIагарлъухъги.



ГьабсагIаталда гьабулеб буго КОРалъул инвентаризация. Халгьабизе буго, кинал бакIал гIумруялъе хIинкъи бугелльун кколел, кинал бакIазда гIемерав чи цадахъго вакIарун вукIунев, кинаб бугеб санитарияб хIал ва гь.ц. ГIемер ахIи бахъуна КОРалда жанибе чороклъи, хасго цIадал ран хадуб канализация, чвахулеб бугин абун. Дица гьелъул бицинароан, щайгурелъул гьеб буго, тIоцебесеб иргаялда, хурзал лъалъазе хIалтIизабулеб лъим. Дие, идараялъул нухмалъулев хIисабалда, бадирчIваял гьарула Роспотребнадзоралъги шагьаралъул гIадамазги. Бокьун буго абизе: КОРалъул лъим гьекъоларо нилъеца! Шагьаралде бачIуна батIи-батIиял бакIаздаса лъим. Шагьаралъул минабазухъе уна гьебги КОРалъул лъимги. Амма щивасухъ рокъобе чвахилалде, Вузалъулаб хIоринибеги щун, гьениб хасаб къагIидаялъ бацIцIадги гьабун хадуб гурони краназдасан биччаларо КОРалъул лъим.

## Минаби риххи гуро мурад

**- Кинал тадбирал гьаризе ругел къварилъи ккунгутIизе?**

- РакIалда буго, мина базе ихтияр къолел документал ругищали халгьабизе. Дида лъала, гIемерисезул гьел гьечIо. Гьел кьечIезе букIине ккoлеб гIадлуги гьабила. ГIадамаз гIумру гьабулел минаби риххизе гуро дир мурад бугеб – законалда рекъон КОРалъул ракь цIуни буго аслияб масъала. Санитарияб ахIвал-хIал ва цогидаб букIине ккола тIалабазде рекъонкколеблъун. Масала, къанал тIад тIиритIараб бакIалда гьабун буго машинаби чIезарулеб бакI. ВукIине ккола гьелъул жавабчилъи тIаде босулев чи – гьеб бакI букIине ккола ижараялъе босун. Гьев чияс налогал кьезе ккола бюджеталде, «Дагъмелиоводалъе» кьезе ккола ижараялъухъ мухь. Паркалда гIагарлъухъ бугеб КОРалъул бутIа батани, гьенир гIуцIизе ккола гIадамаз хIухьбахъиялъе санагIатал шартIал. Жакъа КОРалда тIад бакIал рарал гIадамазул кинабгIаги ихтияр гьечIо гьеб бакI хIалтIизабизе – гьеб ккола Россиялъул Федерациялъул мулк.

Бегьилаан, киса-кибго канал, тIад къаналги лъун, бахчизабизе. Амма гьелъ квалквал гьабизе буго КОР бацIцIад гьабиялъе.

ХIалтIулаб къокъаялъ халгьабизе буго КОРалда тIад ва аскIор ран ругел объектазухъ. Нагагь гIадамазул гIумруялъеги, санитарияб хIалалъеги, техникияб рахъалъ жибго КОРалъеги хIинкъи букIин чIезабуни, гьединал объектал риххизаризе руго. Щайгурелъул, масала, машинаби чурулеб, гьел къачIалеб мастерскаялдаса ва цогидал объектаздаса химия гьорлъ бугеб чороклъи КОРалъубе чвахани, гьелъ кIудияб зарал гьабизе буго кванил нигIматал гIезарулел хурухъабазеги гIадамазул сахлъиялъе. Кьварараб гIадлу гьабизе буго каналалъул рагIалда бараб минаялъул хIажатханаялдаса чороклъи гьенибе биччан батаниги. Гьеб чвахизе ккола хасаб коллекторалъубе. Хьул буго, гьеб рахъалъ гьабулеб хIалтIуе гIадамаз квалквал гьабунгутIиялде.

**- Пуланав чиясе нужеца ихтияр кьуна КОРалда тIад объект базе. Гьесда тIадаб иш щиб букIине бугеб?**

- Кинабго хIалтIи букIине буго документалда тасдикъ гьабураблъун. Гьединав чияс чIезабураб болжалалда бацIцIад гьабизе ккола КОРги, гьелда тIад ва сверухъ бугеб бакIги.

**- Дагъистаналде гIемерал туристал рачIуна. Гьезда берцин бихьулеблъун лъугьинадай КОР?**

- Руго гьелъие ресал. Бегьула, масала, КОРалда тIасан гIисинал гумузда, лъел трамваялда экскурсиял гIуцIизе. Цоги пикру буго – рес щвани, тIубаялде хьулги буго: КОРалъул рагIалдасан самокатазда хьвадулеб нух гьабизе. Шагьаралда жанисан гьелъие санагIатаб бакI гьечIо. Руго цогидал пикрабиги. Гьел гIумруялде рахъинаризе къваригIуна инвесторал.

*Гара-чIвари гьабуна*
*Кавсарат СУЛЕЙМАНОВАЛЪ*

# ХIасилал рукIина жегиги лъикIал

**Казбек ккола ракьул гIатIилъиялъул, гIумру гьабулел гIадамазул къадаралъул, экономикияб цебетIеялъул, тIабигIиял ва социалиял шартIазул рахъалъ цебесеб кьерда бугеб район. Гьелъул экономикаялъул кьучIлъун буго росдал магIишат. Кинал хIасилалгунха гьелъ нахъе тараб араб сон ва кинал планал ругел исанаселде? Гьелъул хIакъалъулъ бицана районалъул росдал магIишаталъул управлениялъул нухмалъулесул заместитель Хункарби МухIамадхIабибовас.**



- Районалда буго 9 СПК, 1 ГУП, 1 МУП, 1 СПОК, 31 КФХ ва чанго азарго ЛПХ. Гьоркьиса гьез гIезарурал нигIматазул гIаммаб багьа бахана 3,26 миллиард гьурщиде (2,02 миллиард - гIи-боцIухъанлъиялда, 1,24 миллиард - хурухъанлъиялда). Гьелъул 82 процент кьуна ЛПХяз, 12 процент гIаммал магIишатаз ва анлъго процент КФХяз.

ГIи-боцIухъанлъиялда буго 14895 бетIер чIегIербоцIул (8226 гIака, 100 гIакдада хадуб цIунана 98 бече), 81140 бетIер гIи-цIцIаназул (55863 чахъу, 100 чахъдада хадуб цIунана 91 кьегIер), 680 чу, 2519 кролик, 90 азарго гIанкIу-хIелеко, 8415 найил тIала. ГIи-боцIуца берцинго хасел тIамиялъе гьоркьиса хIадурана 30556 тонна харил (нижер тIалабаздаса 12 проценталъ цIикIкIун), лъуна 750 тонна силосалъул. БечIчIана 1993 тонна рахьдал (цо гIакдадаса 2466 литр), щвана 407 тонна гьанал, кьунцIана 191 тонна квасул, бакIарана 4,5 миллион хоно ва 78 тонна гьацIул.

Хурухъанлъи. Гьоркьиса нигIматал хьан, рекьун рукIана 8492 гектаралъул гIатIилъиялда. Гьелда гьоркьоса хаслихъе хьалел могьолал - 2045 гектаралда, ихдалилал - 4603 гектаралда: цIоросаролъ - 576 гектаралда, пиринчI - 911 гектаралда, бакъдебусс - 94 гектаралда, овощал - 200 гектаралда, картошка - 500 гектаралда. Нижеца бакIарана: хасалил могьолазул - 4955 тонна, ихдалилал могьолазул 7648 тонна, пиринчIалъул 4463 тонна, цIоросаролъил - 2592 тонна, картошкадул – щуазарго тонна, овощазул - 5,9 азарго тонна, пихьил - 1,8 азарго тонна, цIолбол - 781 тонна, бахчабазул - 1,8 азарго тонна.

Аслияб хIалтIудаго цадахъ нижеда кIочон толаро СВОялда ругезул тIалабалги. Гуманитарияб кумек хIисабалда гьоркьиса нижеца гьенире ритIана 900 азарго гьурщил багьаял нигIматал. Гьеб иш рехун тезе гьечIо исанаги.

*ГIабаш ГIАБАШИЛОВ*

# Гугарухъабазе гьабураб квекIен

## Спорталде гьоркьобе политика лъугьиндал, ритIухълъи ргIдукь бахчула

**Румыниялъул тахшагьар Бухаресталда рагIалде рахъана эркенаб гугариялъул рахъалъ Европаялъул чемпионаталъул къецал. АнцIгоялдасаги цIикIкIун пачалихъалъул спортсменаз гIахьаллъи гьабуна гьениб. Чемпионаталъ загьир гьаруна гугархъабзда гьоркьор цIиял цIарал. Амма цо ракIсукIиги ккезабуна гьелъ Дагъистаналъул гугарухъабазул.**

### Кумекни гьабиларин…

МоцIалъ цебе Красноярскиялда тIобитIараб, машгьурав гугарухъан Иван Ярыгинил Гран-при турниралдаса хадуб, гугарухъабазул саламатаб къокъа хIадурун букIана Россиялъул тIасабищараб командаялъ континенталъул къецазде. АнцIила цо гугарухъанасда гьоркьов кIигояв вукIана асатIиназул вакил. ХутIарал рукIана Дагъистаналъул школалъ гIезарурал гугарухъаби. ТIадчIун гьенире ине хIадурулелги рукIана.

Заур Угуев, Къурбан Шираев, ГIабасхIажи МухIамадов, АхIмад ГIусманов, ХIажимурад Рашидов, ГIабдулрашид Садулаев ва ЖабрагIил ГIалиханов.

Амма исанасеб Европаялъул чемпионат ракIалда хутIана политикиял хIаяздалъун. Бухаресталде ине къватIире рахъине хIадурлъун, нухда хIетIе лъурал спортсменазе квекIенал гьаризе байбихьана. Киназего визаби кьолел гьечIин хабар баккана чемпионат байбихьизе дагьалго къоял хутIидал. Бащдазе щун, бащдазе щвечIого рукIана гьелги. Ахиралде щолеб мехалъги визаби щвечIого хутIун рукIана лъабгоял: Заур Угуевги, Къурбан Шираевги ва Дагъистаналъул командаялъул цевехъан ГIабдулрашид Садулаевги. КвешгилъикIги Европаялъул чемпионат байбихьараб къоялъ, 16 февралалда, ГIабдулрашидие виза щванин абураб хабар бачIана. Заур Угуевасеги Къурбан Шираевасеги гьеб щвезе букIараб хьул хIорго хутIана, гьел чемпионаталде рорчIичIо. Хех гьабун, гьезул бакIалде цоги гугарухъаби рачине тадбир гьабуна командаялъул нухмалъиялъ. Гьединал квалквалалгун къокъана Россиялъул гугарухъабазул къокъа Бухаресталде.

Жибго чемпионаталъул хIакъалъулъ гIатIидго бицине хIажалъи гьечIо. Гьеб нужедаги бихьун батила.

Меседил медалал росана ГIабасхIажи МухIамадовас ва АхIмад ГIумановас. 61 килограммалда цеве вахъунев ХIажимурад Рашидовасе гъаб нухалдаги битIккечIо. Лъабабилеб нухалъги Европаялъул чемпионлъун вахъине къасдалда вукIарав гьесие финалалда нух къана Армениялдаса речIчIухъан АхIмад Дудаевас.

74 килограммалъул цIайиялда дандчIвана кIиго дагъистанияв: АхIмад ГIусмановги МухIамадхIабиб КъадимухIамадовги. КIиявгги ккола ЦIумада районалдаса магIарулав.

Токиоялъул олимпиадаялъул гIарцулав призер, Хуштадаса МухIамадхIабиб КъадимухIамадовасул чанго сон буго Белоруссиялъул командаялъе гIоло цеве вахъунелдаса.

ХIалуцараб дандчIвай букIана финалалда. Бергьана АхIмад ГIусманов. Гьеб букIана Дагъистаналъул командаялъе щвараб кIиабилеб месед.

### ГIабдулрашидие гьабураб квалквал

Къокъго абуни, квешал хIасилалгун руссинчIо гIолохъаби рокъоре. Амма дагъабги лъикI букIине бегьилаан, бищун къуватал гугарухъабаздаса махIрум гьабун букIинечIебани Россиялъул команда.

Дица бицунеб буго Заур Угуевасулги, Къурбан Шираевасулги, ГIабдулрашид Садулаевасулги. Макъалаялъул байбихьуда хъвавухъе, Къурбан Шираевсеги Заур Угуевасеги визаби щвезе течIо. Гьединго лъикI мехалъ цIа-цIалебги букIун, ахирги носол балалъ гIадин щвана нилъер спортсменасе виза. Мурадги тIубан, командагун цадахъ къватIиве вахъарав гьев, Бухаресталде виччачIо аэропорталъул таможниялъул хIалтIухъабаз. Испаниялдаса бачIараб визаялда щаклъи ккун рагIула гьезул. Гьединаб букIана официалияб баян. Гьеб хабаралъ ракI бекизабуна дагъистаниязулги. Щуабилеб нухалъги континенталъул чемпионат квегъизе мурадалда къватIиве вахъарав ГIабдулрашидие нухда цебе хIетIе ккуна. Лъил хасал мурадазе гIоло гьабураб хIалтIи гьебали бичIчIизе захIмат батиларо, газета цIалулел, нужееги.

Жакъа дунялалъул геополитикаялда жаниб бугеб чорокаб хIаялъул хIабургъарал тIираби тIоцере гIадин шолел руго спортсменаздеги. Лъиениги балъгояб жо гуро жиндирго цIайиялда ГIабдулрашидилгун квербазе бажарулев чи жакъа дунялалда гIемер гьечIевлъи. Цониги гьечIинги абизе бегьилаан, гьоркьиса хасалихъе букIараб дунялалъул чемпионталда Хьаргабиса речIчIухъан АхIмад Тажудиновасдаса гьев къун вукIинчIевани. Гьенибги ГIабдулрашидие икъбалалъ мугъ рехана сахлъиялъул гIунгутIи букIун. Москваялда гьабураб операциялдаса хадуб щуго моцIалъниги рукIалиде вачIине тадбиралги гьарун, Ярыгинил турниралде ана ГIабдулрашид. Гьениб меседил медальги босана. Гьединабго гьирацIагун къватIиве вахъун вукIана Бухаресталда тIоритIулел къецаздеги.








Лъиениги балъгояб жо гуро жиндирго цIайиялда ГIабдулрашидилгун квербазе бажарулев чи жакъа дунялалда гIемер гьечIевлъи. Цониги гьечIинги абизе бегьилаан, гьоркьиса хасалихъе букIараб дунялалъул чемпионталда Хьаргабиса речIчIухъан АхIмад Тажудиновасдаса гьев къун вукIинчIевани. Гьенибги ГIабдулрашидие икъбалалъ мугъ рехана сахлъиялъул гIунгутIи букIун.

Амма Еропаялдаги Россиялдаги гьоркьоб зоб кьерхун буго. ЧIегIерал накIкIаз тIаде рехараб рагIадалъ ракIалги махIцинарун, США-ялъул зурмил къвакъваялда гьоркь Россиялъул пачалихъалде ганчIал рехулел, рогьрал ралел, бугьтанал лъолел руго, гIисинлъималазул гIадаб бичIчIигун ва гIакълугун Евросоюзалъул пачалихъал. Гьелъул дандерижи ккола ГIабдулрашидие гьабураб квекIенги. Гьеб накуялда рекъон, рес буго гьез гьевги цогидалги нилъер къуватал спортсменал Парижалда тIоритIизе ругел риидалил Олимпиялъул хIаяздасаги махIрум гьаризе. Иццул бетIералде балкан рехидал, лъим махIцуна. Гьединго махIцун буго жакъа кIудияб спортги. Доб цебе букIараб бацIцIадаб спортги, гьираги, ракIгьейги хвезабуна.

Дунялалда питна кьижун ва гIадамал парахат теларин абун лъугьун руго жакъа цо-цоял. ГIагараб Палестиналда расги мунагь гьечIеб лъимер, чIварай эбелалъул жаназаялде къулун, дунялалъул канлъудасагун рохалидаса махIрум гьабулеб буго цо хасал чагIазул хъубал къасдал сабаблъун.

Диналъул вацазда тIаса зулму босагиян гьари балел бусурбабазул кьералги гIемерлъулел руго мажгитахъ.

Иман гьечIезул, Аллагь кIочон таразул вахIшиял къасдаздаса цIунаги, БетIергьанин гьаризе пикруги ракIги роцIун бугелъул нилъер, гьелъухъгIаги Аллагьасе щукру гьабизе ккела. ХутIараб кинабго нухде бачIина, Ин ша Аллагь.

***Ашахан ЮСУПОВ***

# Расулил тIоцебесеб гIелмияб басма

**Дагъалъ цебе ДФИЦалда тIобитIараб гIелмияб дандеруссиналда АхIмад МуртазагIалиевасе къуна пачалихъияб шапакъат – Расул ХIамзатовасул медаль. Гьев ккола ИЯЛИялъул адабияталъул отделалъул нухмалъулев, филологиял гIелмабазул доктор, Расул ХIамзатовасул адабияб ирсалъул цIех-рех гьабулеб централъул (хадубккун – центр) директор. Гьесулгун гара-чIвари гьабуна нижеца.**



**- Кида гIуцIараб Центр ва кинаб мурад букIараб гьеб гIуцIиялъул?**

- МацIалъул, адабияталъул ва искусствоялъул институталъул цIияб бутIа буго Расул ХIамзатовасул адабияб ирс лъазабиялъул центр. Гьеб гIуцIиялъул хIакъалъулъ тIоцебе пикру загьир гьабуна ИЯЛИялъул директорлъун вукIарав ХIажи ХIамзатовас. 2003 соналда гьес абуна: «Дир вац гуревги, Расул ккола дунялалдаго машгъурав шагIир. Гьесул ирс бакIаризеги, гьелъие гIелмияб къимат кьезеги, гьелда тIад хIалтIизеги хасаб идара къваригIуна», - ян.

Жиндирго пикраби къалмидеги росун, ХI. ХIамзатов ана Москваялде, ГIелмабазул академиялде. Добаги гьеб иш лъикI къабул гьабуна. Дозул разилъиялдалъун къабул гьабуна хасаб документ, ва гьелдаго цадахъ Дагъистаналъул бетIерлъуда вукIарав МухIамадгIали МухIамадовасги гъулбасана хасаб указалда. Гьелъул хIасилалда 2006 соналда рагьана Центр.

**- Чан чи хIалтIулев вугев гьенив?**

- Щуго чи вуго хIалтIулев. Гьелъул нухмалъи дида тIадкъана. Гьелъул программаги положениеги дица хIадурана, ХIажиясдаги дандбан. ГIелмияб тема хIисабалда, щиб босилеб? Жакъа къоялъ ва хадусел соназда сунда тIад хIалтIилел? Гьел киналго суалал гъорлъе рачараб программа букIана гьеб.

Расул ХIамзатовасул асарал, магIарул ва гIурус мацIазда гIемер рахъана, амма букIинчIо гIелмияб басма. ГIуцIана хIалтIул план. ХIисабалде босана, тIоцебесеб кечIалдаса байбихьун, ахиралда хъварал асаразде гIунтIун, кинабго гъорлъе бачараб 14-15 том хIадуризе. ХIукму ккана, шигIраби гуребги, публицистика, хабариял ва драмаялъул асарал, гьединго миллияб ва цогидал газетазда рахъарал очеркал-макъалаби ва кIалъаял данде гьаризе ва гьезулги кIиго том басмаялде бахъизе. 2014 соналда байбихьана гьеб хIалтIи.

ГьабсагIаталда бахъун буго 10 том. ДРялъул бетIерасул грантги бергьун, хIадурго буго гIурус мацIалда хъварал асаразул кIиго томги. ХутIарал томазда тIад жеги хIалтIизе ккола – исана буго бихьизабураб болжалалъул ахирисеб сон.

**- Расулил 100 сон кIодо гьабуна, амма гьесул асаразул киналго томал къватIире рачIинчIо…**

- Нижеца гьабулеб хIалтIул хIакъалъулъги рагIун, кьерцисаго нижеда лъазабуна юбилеялдехун иш рагIалде бахъинабизе хIаракат гьабеян абун. Доб заманалда хIадур букIана томазул тIоцебесеб вариант – нижее бокьахъе камилго лъугьун букIинчIо гьеб. Жеги цIализе, гьалатIал ритIизаризе кколаан. Араб соналда ниж тIуранго руссун рукIана гьеб ишалде. Томал басмаялде рахъана «Дагъистан» басмаханаялъ. Нижеца 15 том къун букIана басмаханаялде. Амма дозул планалда батана 10 том гIурусги 10 том магIарулги мацIазда рахъизе. Кин гьеб гьедин ккарабали дида лъаларо. 2022 соналда тасдикъ гьабураб план букIун буго гьединаб. Нижее бокьилаанха, киналго томал цадахъго рачIине. Амма… Октябралдехун рачIана тIоцересел томал.

**- Щиб хутIараб къватIибе бахъичIого?**

- Расул вукIана кутакалда лъикIав таржамачи. КIудияб гьунаралда буссинабун буго гьес гIурус поэзия (Василий Жуковскиясул, Гавриил Державинил, Михаил Ломоносовасул, Александр Пушкинил, Михаил Лермонтовасул – Сергей Есениниде гIунтIун). Гьес руссинаруна гIараб спектакль хIисабалда бихьизабизе трагедия хъвана гьес – «МагIарулай» жиндирго поэмаялда рекъон. Гьеб кIиябго лъун буго кIиабилеб, ай жеги басмаялда бахъичIеб, «Проза ва драматургия» абураб томалда.



КIудияб ВатIанияб рагъул соназда «МагIарул большевик» (гьанжесеб «ХIакъикъат») газеталъул росдал магIишаталъул отделалда хIалтIулев вукIана гIолохъанав Расул. Нижеда ратана 1942-1944 соназда гьес хъварал макъалаби. Статистикиял баянал гIемерал, «ракъварал» макъалаби гуро гьел. Расул кидаго Расул вукIана. Гьел руго литературиял макъалаби – гIадамазул суратал, сипатал, росабазул гIумру-магIишат бихьизабун буго гьениб. Гьединал асаразулги цо том буго.

Гьел киналго хIадурун руго ва шагIирзабазул, Дагъистаналъул батIиял миллатазул шагIирзабазул асаралги. 1986 соналда байбихьун бахъараб Расулил 10 томалъул ичIабилеб томалда къун руго гьезул цо-цо асарал. Гьел киналго данде гьарураб том буго цо.

1960 соналда Москваялда тIобитIана Дагъистаналъул адабияталъул ва искусствоялъул декада. Гьениб «Дагъистан» басмаханаялъ рахъизе рагIиги къуна.

**- ГIицIго шагIирасул асарал данде гьарийищ кколеб Централда цебечIараб масъала?**

- Нижер хIалтIухъабаз хъвана Расулил творчествоялъул хIакъалъулъ гIелмиял макъалабиги. Центр рагьаралдаса нахъе къватIире рачIана «Расул ХIамзатов ва Турция» абураб дир, «Расул ХIамзатов ва Иран» абураб ПатIимат ГIалибеговалъул монографиялги, хIадурана Расулил асаразул библиография – кIицIул къватIибе бачIана гьеб. Бахъана публицистикаялъул монография. ГьабсагIаталда П. ГIалибеговалъ хъвалеб буго «Расул ХIамзатов ва гIараб дунял» абураб монография.

**- Расулил ирс данде гьабулаго, кинаб квалквал, квекIен букIараб?**

- Нижеца гьабураб гIадинаб хIалтIи гьабула тIубараб институталъ. Масала, руго Пушкинил, Лермонтовасул ва цогидал хъвадарухъабазул ирсалда тIад хIалтIулел институтал. Расулил томазда тIад хIалтIилалде, дун ана Москваялда бугеб Дунялалъул адабияталъул институталде. Доба буго Россиялъул халкъазул адабияталъул отдел. Гьелъие нухмалъи гьабула литературияв критик, дагъистанияв Казбек Султановас. Дос лъикIаб малъа-хъвай гьабуна ва гьесул гIакълаби кьочIое росана нижерго хIалтIулъ.

ЦIикIкIун хIалтIухъабиги ресалги рукIаралани, хIалтIиги хехго лъугIилаан, камиллъиги букIинаан. Нижеца гьеб гьабуна ругел ресазда рекъон. Текстазе ва ричIчIуларел рагIабазе баянал къуна – гьебги захIматаб иш буго. Томазул бищунго лъикIаб рахълъун нижеда бихьула гьениб хронология цIунизе бажари. Гьедин Расулил асарал киданиги рахъун рукIинчIо.

Миллияб мацIалда хъвадарулев чиясе кIудияб квалквал гьабула рахьдал мацIалда хIадурулеб тIехь къачIан бажарулев корректор ва редактор гьечIолъиялъ. Гьеб хIалтIиги нижецаго гьабизе ккана. Нижее кIудияб кумек гьабуна Гьарадерихъа МухIамад МухIамадовас (ИЯЛИялъул гIалимчи). Гьесги, П. ГIалибеговалъги, цогидал гIалимзабазги редакторлъи гьабуна. Баркала буго киназего.

**- Бахъила басмаялде 15-абго том. Хадуб щиб гьабизе бугеб Централъ?**

- ГIаммаб куцалда, нижер хIалтIуе лъикIаб къимат къуна. Дие къураб Расул ХIамзатовасул медаль буго Централъул киналго хIалтIухъабазул хIаракаталъе къимат кьеялъул гIаламат. Дир гIумруялда жаниб щвараб тIоцебесеб шапакъатги бугониги, гьеб медаль дие щвеялдаса кутакалда вохана дун! Дунялалдаго машгъурав нилъер кIудияв шагIирасул, пагьмуяв хъвадарухъанасул, махщел тIокIав журналистасул, щибаб жоялъул пикру гьабулев гIакълучиясул ва гьайбатав инсанасул цIар тIад хъвараб медалалдаса къадруяб шапакъатго гьечIин рикIкIуна дица. ТIахьазда тIад гьабураб хIалтIулъ гIунгутIабиги камун ратиларо – кIудияб ишалъулъ кинабго рахъ камилаб букIунаро. Амма нижехъа бажарана 60 соналъ (1934-1994) Расулица хъварал асарал къватIире кьезе. Гьанже басмаялде рахъизе хутIана 1994 соналдаса хадусеб заманалда хъвараб жо. Гьелги данде гьарун руго хутIараб 5-6 томалда.

Пикраби гIезегIан руго. Хаслихъе хIадурила хIалтIул план. БукIине буго Централъул киналго гIалимзабазе цадахъаб ва щивас батIаго хъвазе бугеб хIалтIи.

*Гара-чIвари гьабуна*
*Кавсарат СУЛЕЙМАНОВАЛЪ.*



Дунялалдаго машгъурав нилъер кIудияв шагIирасул, пагьмуяв хъвадарухъанасул, махщел тIокIав журналистасул, щибаб жоялъул пикру гьабулев гIакълучиясул ва гьайбатав инсанасул цIар тIад хъвараб медалалдаса къадруяб шапакъатго гьечIин рикIкIуна дица.

# Аваразул калам, гьелъул камиллъи…

**Гьал къоязда республикаялъул лъай кьеялъул идарабазда тIоритIулел руго Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIалъул къоялъул хIурматалда гIуцIарал тадбирал. Гьезул хIакъалъулъ бицунеб буго районаздаса рачIарал баяназда.**



## Рахьдал мацI - дир гъанси-то, дир хъала, дир талихI

Гьединаб цIаралда гьоркь МахIачхъалаялда, Сайпулагь-къади Башларовасул цIаралда бугеб медицинаялъул колледжалда тадбир тIобитIана 20 февралалда. Студентаз бицана жидер гIумруялда жаниб рахьдал мацIалъ кколеб бакIалъулги мацIазул тарихалъулги хIакъалъулъ, гьединго ахIана ва рикIкIана миллиял мацIазда кучIдули.

Колледжалъул тIоцебесеб тIалаялда тIибитIун букIана Дагъисталъул халкъазул квен-тIехги, квербакъул устарлъиялъул тIагIел-алаталги, миллиял мацIазда рахъарал тIахьалги ва машгъурал гIадамазул сураталги сокIкIараб выставка. Шамил районалъул Гъандихъа ПатIиматица нижее бицана магIарул бокIоналда ругел нигIматазул хIакъалъулъ: «Гьанир сокIкIун руго нилъер умумуз хIалтIизарулел рукIарал рукIа-рахъиналъул алатал: квас чIвалеб гьоркьо, гулгун, гIатI буцулеб тIарс. МагIарул руччабаз гьарулаан цIурачадал, куракул каргщ, панкъал, хIан, цIоросаролъил ханждал хинкIал. Гьанирго лъун руго магIарул хъвадарухъабазул тIахьалги», - ян.

Тадбиралъул байбихьуда бихьизабуна дунялалдаго мацIал гIемерлъиялъе бугеб гIиллаялъул хIакъалъулъ интермедия. Гьелъие кьочIое босун букIана халкъазда гьоркьор мацIал рикьизе Аллагьас малаик витIиялъул хIакъалъулъ бицунеб къиса. Гьеб бицунаго, вихьизавуна мацIазул цIезабураб къвачIагун халкъазухъе сценаялда хьвадулев малаик. Дагъисталалде щведал, мугIрулгун щобал рахине ккарав малаик свакана ва гьес мацIазул къвачIа чIехьон тана, нужецаго тIаса рище гьелинги абун. Тадбир бачуней магIарул мацIалъул гьайбатлъи рагьана Хадижат ГIисаевалъ (1 курс) ва кечI рикIкIана Зумруд ГIалипкачевалъ (2 курс). Киназего кутакалда бокьана магIарул мацIалда ахIараб кечIги. Гьеб ахIана Зарема Исбагьиевалъги (2 курс) Фатима МухIамадгIалиевалъги (4 курс), ва махщалида аргъан хъвана СагIид МухIамадовас (1 курс). щибаб халкъалъе щвараб мацIалъе къиматги кьуна.

МагIарул, лъаргI, лезги, лак, азербайжан ва цогидал мацIазул тарихгун хаслъи рагьана миллияб партал ретIарал студентаз жидерго кIалъаязда.

Медицинаялда гIумру бухьинабурал нилъер гIолилазул рахьдал мацIалдеги миллияб тарихалдегун маданиялдеги бугеб рокьи бихьидал, ракIалде ккана гьединаб гIелалъ билизе теларин нилъерго хаслъиян.

*МадихIат ХIАЖИЕВА*

# Дир мацI букIинароан…

**1999 соналъул 17 ноябралда ЮНЕСКОялъ гьабураб лъазабиялда рекъон, 2000-абилеб соналдаса нахъе, 21 февралалда кIодо гьабула халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIазул къо. Гьелъул мурад буго мацIазулги маданиятазулги хаслъи цIуни.**

ООНалъул баяназда рекъон, дунялалда буго анкьазаргоялде гIагарун батIияб мацI. Гьезда гьоркьоса 2500-ялдаса цIикIкIун мацI тIагIиналда хIинкъиги буго. Щибаб кIиго анкьида жаниб дунялалда тIагIуна цо мацI ва цадахъго гьеб мацIалда букIараб рухIияб бечелъиги.

МагIарул мацIги цIарги рикIкIалъизе, билизе биччачIого цIунизе квербакъулел чагIи ккола нилъ киналго - умумул, газеталъул хIалтIухъаби, школалда рахьдал мацI цIунизе хIаракат бахъулел учительзаби.

Рахьдал мацIалъул къоялъул хIурматалда байрамал тIоритIана республикаялъул киналго шагьаразул ва росабазул школаздагун батIи-батIиял гIуцIабазда. Санайилго гIадин, исанаги гьеб байрам кIодо гьабуна МахIачхъалаялъул гIемеррахъазулаб №5 лицеялдаги.

Щибаб мацIалда кучIдул рикIкIунел ва ахIулел лъималги, магIарул мацIалда гьитIинабго церерахъинги – гьеб ккола рахьдал мацIалъул учительзабазул хIалтIул хIасил.

Нилъеда лъала жакъа шагьаралъул школазда рахьдал мацIалде кьолеб кIварги, кинаб захIматгун учителас лъимал миллияб мацIалда кIалъазе тIамулелалиги.

Амма, кигIан къобихьаниги, гьез хIаракат бахъула жидеда цебе цIа-



лулеб лъимада рахьдал мацI малъизе.

Миллаталъул хазиналъун кколеб магIарул мацI наслабахъе кьезе ва гьеб цIунулеллъун лъималги гIезаризе къуват кьеги нилъее!

*ПатIимат МУХIАМАЕВА.*

# Къецал тIоритIана

Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIалъул къоялъул хIурматалда, Унсоколо районалъул Балахъуни росдал школалда тIоритIана магIарул мацIалда пасихIго кечI рикIкIиналъул къецал.

Лъималазулъ магIарул мацIалде рокьи куцаялъул мурадалда гIуцIун букIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана 17 цIалдохъан. Къецалъул хIасилалги гьарун, жюриялъ тIоцебесеб бакI кьуна кIиабилеб классалъул цIалдохъан ГIабидат Якъубовалъе, кIиабилеб ва лъабабилеб бакIал щвана Рузмай ДавудхIажиевалъе ва Фатима НурмухIамадовалъе.

*М. ГЪАЗИМУХIАМАДОВ*

## Нилъер гIумруялъулъ гIурусазул мацI

**Киназго бицуна рахьдал мацIал лъазе ккеялъул хIакъалъулъ. Гьале 16 сон барав КъурамухIамад Дибирдадаевас редакциялде бачIун буго Дагъистаналъул халкъалъул гIумруялъулъ гIурус мацIалъ кколеб бакIалъул хIакъалъулъ загьир гьабураб жиндирго пикру.**



Дун ккола ичIабилеб классалъул цIалдохъан. Исана риидал дица кьезе ккола ОГЭ, хасго ургъел буго гIурус мацIалъул экзаменалъул.

Цо-цо мехалда ракIалде ккола щай дие гьеб мацIилан, дун магIарулавги кколеб мехалда. Дида дирго рахьдал мацI лъала, цIалула, хъвала, гIагарлъигун кIалъала.

Амма гIурус мацI букIинчIебани, кинха дир эбел - лъаргIай, эмен - магIарулав цоцазда кIалъазе рукIарал, цоцазулгун лъай-хъвай гьабизе букIараб. Заманалдасан бичIчIана нилъер гIумруялъулъ гьеб мацIалъул бугеб кIварги гьелъ кколеб бакIги.

Дагъистаналда руго гIемерал миллатал, гьездаса нилъ чIухIула, гьеб ккола нилъер ракьалъул хаслъиги бечелъиги.

Россиялъул цониги республикаялда гьечIо Дагъистаналда гIадин гIемер миллатал. Кин гьел цоцазда кIалъазе рукIарал, киназего гIаммаб гIурус мацI букIинчIебани. АскIор ругел цо-цо росабалъцин батIи-батIиял миллатал ругеб мехалда, кин гьел цоцазда ричIчIизе рукIарал?

ГIурус мацI букIинчIебани, кин дица цIализе рукIарал цогидал миллатазул хъвадарухъабазул асарал.

Гьедин бачIана дир гIурус мацIалде интерес ва ботIролъ бижана «ГIемермиллатазулаб Дагъистаналда гIурус мацIалъул кIвар» абураб проекталъулаб хIалтIи.

Гьениб дица бицунеб буго нилъер ракьалъул хIакъалъулъ, халгьабулеб буго нилъер халкъал гIурус мацIалде кин рачIаралали, дунялалъул маданиаталъулъ ва тарихалъулъ гIурус мацIалъул бугеб кIваралъул.

ГIурус мацIалъул кумекалдалъун нилъехъа бажарула цогидал миллатазул классиказул асарал цIализе, гIурус мацIалъул кумекалдалъун магIарул асарал цIалула гIурусаз ва цогидал миллаталъул гIадамаз.

Институтал, университетал лъугIун хадур нилъер республикаялде хIалтIизе рачIана гIемер гIурус учительзаби. Гьез жидерго къисмат бухьинабуна Дагъистангун. Гьез тарбия ва лъай кьуна нилъер умумузе, малъана нилъеда гIурус мацI, жидецагоги лъазабуна нилъер мацI.

Жакъа Дагъистаналда гIурус мацIалда кIалъала гIисиналги кIудиялги. БатIи-батIияб миллаталъул эбел-эмен ругел лъималазеги гIурус мацIалда кIалъачIого рес гьечIо, гIурус мацIги кIиабилеб рахьдал мацIлъун лъугьун буго.

Дагъистаналъул халкъалъул гIумруялъулъ гIурус мацIалъ кIудияб бакI ккола, гьелъ кверבакъана гIурус ва дунялалъул культура лъаялъе ва миллат батIиязулгун гьоркьорлъаби щула гьариялъе.

# Нилъеда лъалебги лъаларебги

**ГIарабазул кици буго, цIикIкIараб ригьалде вахарасда - гIемераб лъалин, гIемер тира-сверарасда – цIикIкIун бихьулин абураб. Гьеле гьединав, ай гIемераб бакIазде щварав, гIемераб жо бихьарав, сапарчи Михаил Кожуховасул гьудул ва гьесул цIаралда бугеб «Тира-сверулезул клубалъулаб премиялъул» Дагъистаналда вугев хIурматияв консул, Гъуниб районалъул Гьонода росулъ гьавурав ва Гъунив гIурав чи вуго МуртазагIали МухIамадов. ТIолгодунялалъул гидал-экскурсоводазул къоги букIаралъул 21 февраль, гьесулгун гьабуна гара-чIвари.**

**- МуртазагIали, нилъер гьаб гара-чIвариялъул байбихьуда бокьилаан Россиялдаго рагIарав, амма районалда тIуван рагIаракьанде щун лъаларев дур хIакъалъулъ дагьаб мухIканго дуцаго бицани...**

- 1988 соналда лъугIизабуна Избербашалъул педучилище ва дие щвана школалда лъималазе черчениялъул, суратал рахъиялъул дарсал кьезе, тарбиячилъун хIалтIизе изну. 1988-1991 сонал ана рагъулал гумузда. 2007 соналде щвезегIан хIалтIана районалъул цо-цо росабазул школазда, лъай кьеялъул управлениялда.

2001 соналда лъугIизабуна ДГПУялъул художествиябгун графикияб факультет. 2005-2007 соназда хIалтIана районалъул искусствоялъул школалъул директорлъун, ЦДОялъул завучлъун. 2008-2010 соназда – ДРялъул ГIолилазул ишазул рахъалъ министерствоялда отделалъул начальниклъун.

Туризмалъулгун бухьен буго 1991 соналдаса нахъе. 1991 соналда хIалтIана районалъул Пионеразул рукъалъул методистлъун ва туризмалъул суалал рукIана дида тIадкъан. Гъунире кидаго рачIунаан гIемерал гьалбал, гьезда дандчIвазе, батIи-батIиял росабиги, авалалги, зияраталги гьезда рихьизаризе дида тIадкъалаан мунагьал чураяв инсуца, кIудияв вац МухIамадица. Гьединлъидал хIалтIудаса эркенаб заман унаан гьелгун цадахъ рохьахъ, сухъмахъаздасан тирулаго…

Мунагьал чураяв дир эмен Каримуллагь-хIажиги гьаб мухъалда лъалев чи вукIаралъул, гьесда цадахъ гIемерал сапарал гьаруна Дагъисталъул батIи-батIиял росабалъе, гьес хъвалел рукIарал тIахьазе материал бакIаризелъун.

Дида бихьана Дагъистан гьитIинаб дунял бугеблъи, ай гIурусалъ абуни, «Дагестан – это Вселенная в миниатюре». Щибаб улкаялдаса дица босула гьениб гьабураб музыкалияб алат. РакIалда буго нижер хъизамалъул рукъ-музеялъуб гьезие хасаб бакIги кьезе. Цогидазда чIалгIарал гьединал жал ругони, гьел къабул гьарилаан.

**- Гьанже дуца гьабулеб хIалтIуде мун вуссиналъе гIилла щиб ккараб?**

- Дол соназда гIолохъабазе букIинчIо хIалтIи ва ният букIана хIалтIизе бакIал рагьиялъе батIи-батIиял ресал ратизе. Дирго васас лъай-хъвай гьабуна Муслим ГIалимирзаевасулгун. Гьев кколаан «Лъалареб Кавказ» абураб проекталъул нухмалъулев. Нижеца Кавказалда гIемерал бакIал сверана, «Хватит кормить Кавказ!» абун ахIдолезда Кавказалъул тIабигIаталъулги гIадамазулги унго-унгояб берцинлъиги рукIа-рахъинги бихьизабизелъун.

Дол соназда Гъуниб районалъул бетIерлъун вукIана Пахрудин МухIамадов. Гьес дир пикраби къабул гьарулаан ва гьарулел ишазе кумекги гьабуна. Гьел соназда лъай-хъвай ккана машгьурав сапарчи Михаил Кожуховасулгун. Гьев ккола «Клуб путешествий Михаила Кожухова» абураб гIуцIиялъул президент. Дица гьесдаги цадахъ рачIарал гьалбадеридаги районалъул берцинлъиги, гIадамазул узданлъиги, гьезул кверзул махщелги бихьизабизе хIаракат бахъана. Пуланаб къоялъ Кожуховас ахIун бачIана ва гьикъана цадахъ хIалтIизе рес ккеларищин абун. Гьелдаса нахъе гьевгун, гьесул клубалъул гIахьалчагIигун дун щвана батIи-батIиял улкабазде, Дагъистаналда къабул гьавуна Россиялъул шагьараздаса азаргоялдасаги цIикIкIун турист.

2018 соналдаса нахъе дун ккола «Почетный консул клуба Михаила Кожухова» ва 2020 соналда «За особые заслуги» абураб медальги кьуна дие республикаялда туризм цебетIезабиялъулъ лъураб бутIая-


Михаил Кожухов ва МуртазагIали МухIамадов

лъухъ.

Дир вас МухIамадица, хъизан-лъималаз, нижер турфирмалъун кколеб «Дадастан», «ТурвДагестан» командаялъ цадахъаб хIалтIиги гьабула. Гьаб ишалъулъ бищун захIматаб щиб кколебин гьикъани, гьалбадерилгун гIамал рекъезаби ва аскIор гьалбалги рукIаго цо-цо ракьцояз тIаса-масаго тараб иш букIине кколеб рахъинибе тIамизелъун гьаризе кколел ишал ругин абилаан.

**- Гьединаб махщел тIаса бищулезда щиб абилеб?**

- Гьаб махщел тIаса бищулезда абила, гьабулеб иш камилго гьабейин, ай росу, район, Дагъистан бокьизе ва щибаб сухъмахъ лъазабизе кколин. Гьалбал къабул гьарулезда тIадаб буго районалда гьарулел лъикIал ишазе кумек гьабизеги. Масала, Гъуниб район цебетIезабиялъе пайда босизе рес бугеб хIалтIи буго. Рехсараб масъалагун чанго нухалда къабул гьавуна районалъул бетIер Расул ХIусеновас ва гьесулгун ккана лъикIаб хабарги.

Цоги, хIалтIуде лъугьунев чиясул ният букIине бегьуларо, цогидазул хIалтIиги хвезабун, жиндирабго цебетIезаби, щивасе щола Аллагьас насиб гьабураб.

**- Дагъистаналда, хасго магIарул районазда хIалтIулел ругел гидал-экскурсоводазул хIакъалъулъ кинаб пикру дур бугеб?**

- Дагъистаналда ва хасго магIарул районазда хIалтIулел ругел гIемерисел гидал-экскурсоводал руго, аслияб куцалда, сон-церекъад хIалтIуде лъугьарал. Гьез гIемераб яхI бахъулеб буго гьабулеб иш лъикI гьабизе. Амма лъикIаб букIинаан нилъерго тарих жеги цIикIкIун лъазабизе ва «Авторский маршрутилан» цIарги лъун, цого бакIаздасан хьвадулел рукIинчIого, цIиял маршрутал ургъизе.

**- Дагъистаналда туризмалъулаб хIалтIулъ гIоларел рахъал кинал ругел?**

- КIвар бугеб масъала ккола росабазул рукIа-рахъин хвезе биччангутIи, гьенир ругел минаби, сиял, хъулби цIуни, росдал вакилзабазда цадахъ гьединал бакIазде ругел сухъмахънухал къачIай ва гьоркьоре цIазе ккола школлъималги гIолилалги.

Цо-цо росабалъ гьитIиналго къокъаби руго жидеца гуреб, цоги батIияз гьеб хIалтIи гьабизе бегьиларин чIарал. Гьеб буго гъалатI. Батила гьеб туризмалъул рахъалъ бичIчIи щунгутIиялъул хIасил.

Цоги масъала - росабалъ гIемерлъулеб бугеб рищни-къул. Гьединал бакIазде гьалбал рачинчIого тезе хIажаталлъун кколел руго. Амма заман щун буго, гьеб иш кин рукIалиде ккезабилебин абураб суалалда тIад ургъизе.

**- Туристаз кинаб къимат кьолеб Дагъистаналъе, тIабигIаталъе, гIадамазе?**

- ЦIакъго лъикIаб къимат кьола. БитIахъе бадиб магIу ххулун рукIуна гьел. Гьезул гIемерисел тIатIаруссунги рачIуна гьудул-гьалмагъзабигун, гIагарлъигун.

Туристал росабалъе рачаниги, букIине кколеб пайда жидер-жидер росдаеги росуцоязеги щолеб куцалда туризм гIуцIизе нилъеда жеги лъалеб гьечIо. Щибаб росдал жамагIат гьелда тIад хIалтIизе ккола.

**- Туристал щвезе мустахIикъал цо-цо бакIал гьоркьор риччалел гьечIодай?**

- Биччас биччани ракIалда буго цIиял-цIиял бакIазде щвезе. Гьел нижеца «Дадастаналъул» сайталда лъунги руго. Амма дирго хIалтIул бицунелъул абизе ккола, Гъуниб районалде гIадин гIемер туристал цогидал бакIазде рачIунаро. 6-7 къоялда жаниб Гъуниб бала 3-4 къо ва гьел рачине жеги мустахIикъал бакIал ругониги, бегьуларо лъикIаб ниятал-да гьорлъе жидер-жидер загьруял пикрабиги журазарун, лъикIаб иш къанцIаялде буссинабизе ва гIаммаб хIалтIуе квалквал гьабизе.

Аллагьасул кумекалдалъун ракIалда буго Гъуниса Гьоноде щвезегIан лъелго унеб сухъмахънух гьабизе, бакI-бакIазда нухалги къачIан, гьелда «Инсул нухилан» цIар лъезе. Гьеб нухккун Гьонодаса Гъуниве гIемер хьвадана дир эмен.

Гьединал сухъмахъал, нухал, рещтIунел бакIал, цIар бугел чагIазул рукъзал къачIазе районалъул цоги-цоги росабалъ байбихьарал хIалтIабиги руго.

**- Туризмалъ нилъее кьолел лъикIал ва квешал рахъал…**

- Туризмалъ гIадамазе рес кьуна минаби къачIазе, магIишат гIуцIизе ва инсул росдалгун бухьен щула гьабизе. Туризмалъ гIемерав чи тIамуна тарих лъазабизе, кверзул, кIалзул, кочIолгун кьурдул махщел бугел чагIазул къимат гьабизе.

Амма бищунго аслияб, хIинкъи буго мацI тIагIиналъул. Нилъехъа бажаризе ккола гьеб цIунизеги гIун бачIунеб гIелалъухъе щвезабизеги.

**- Кинаблъун букIараб дуего араб сон?**

- 2023 сон букIана гIезегIан гьарзаяб, ай хIалтIул рахъ цебетIезабиялъе рес рекъараблъун. Нилъехъе рачIун рукIана бокьараб бакIалда цIаралцин рехсезе бегьуларел гьалбал (хъулухъазда ругел, цIакъго бечедал). Гьелгун цадахъ щвана батIи-батIиял бакIазде, вертолеталдасан бихьизабуна Дагъистан.

Рес щвана, мунагьал чураяй эбелалъухъе цIикIкIун щвезе, ахирисеб ункъо моцI гьелъул ана, гьелъие бокьун, инсуца Гъуниб борхалъуда, районго бихьулеб бакIалда бараб минаялъуб. Дир эбел ХIулайматхIажияй, эмен Каримуллагь-хIажиго гIадин, лъалаан районалда гурейги. Лъимал, гьудул-гьалмагъзаби кутакалда хириял чагIи рукIана гьел. Цин эмен, хадуй эбел ана абадияб рокъоре, Аллагьас хIал алжаналъуб батаги гьезул.

**- Бищунго ракIалда чIараб сапар, лъугьа-бахъин кинаб букIараб?**

- РакIалда чIараблъун букIана Дагъистаналде В. Путин вачIиналде цересел къоязги, гьев республикаялда вугев, гьелда хадусел къоязги Михаил Кожуховгун, Марк Курцергун, гьезие гIуцIараб программагун Дагъистаналъул дунгоги щвечIел бакIазде щвей ва батIи-батIиял предпринимателазулгун дандчIваял ккей.

Гьел къоязда нижее кIудияб кумек гьабуна Сугъралъа ХIажигIумаров МухIамадица, Дербент шагьаралъул вакилзабаз. Кутакалда рекIее гIуна ГIабдулхIаким ХIажиевасги, гьезул хъизамалъги Миякьоб «Главрыба», «Нохъо» абурал бакIазда гьабураб хIалтIи.

*Гара-чIвари гьабуна*
*МухIамад АБАКАРОВАС.*

# Политикаялъулъ журналистасул кIвар

**Америкаялъул журналист Такер Карлсоница Россиялде вачIун, президент В. Путинилгун гьабураб гара-чIвариялъ США-ялда гуребги, дунялалдаго кIудияб ахIи-хIур бахъинабуна. Дие рекIее гIуна гьезул дандчIваялда ккараб, политикияб хабар. Гьелъул тIадчIун бицине кинаб бугониги хIажалъи гьечIин ккола. Щайгурелъул гьеб киназдаго рагIана, бихьана ва щивас хIасилалги гьаруна.**



Т. Карлсон - Москваялъул тукада

Дие бокьун буго Карлсоница жиндаго цебечIараб масъала тIубазаби мурадалда, журналист хIисабалда хIалтIизарурал, гIадан бицунелда ва бихьизабулелда цо лахIзаталъцин щакдаризе толарел сипатазде, дандекквеязде пикру буссинабизе. Гьес президентасулгун гара-чIвари гьабиги, Москваялъул кафеязде, тукабазде щун, гьеница хIажатал квана-гьекъолел нигIматал росиги, улкаялъул тахшагьаралъул метроялде щун, гьениб бугеб берцинаб ахIал-хIал бихьизабизе ккана, захIматаб унтиялъ унтарав чиясе махщел тIадегIанав тохтурас гьабулеб операциялда релълъараблъун. Гьес бихьизабуна журналистасул кинабго махщел, Малла Насрудиница абухъе, «хъурун гIонкIкIол бадибе балеб щегIгIанги» мухIканаб, цIубараб къагIидаялда. Гьенибго рехсолеб буго багьабазул батIалъиги - жинца жакъа гьаб тукадаса босараб къайи Америкаялда босун букIарабани, жинхъа унаанила бищун дагь 400 доллар, гьанибин абуни, жинца кассаялде кьунила 100 долларилан абуна гьес. Гьелдалъун бихьизабуна Россиялъул гIадамазул социалияб рахъ лъикIаб букIин.

Бакъбаккул улкабазда ва гьединго Америкаялда социалияб рахъалъ хьезариялъул ва гьединго халкъалъул бугеб культура бихьизабизе журналистас росулел руго нилъер анирги дозул дораги рахъарал телевидениялъул кадраби. Гьеб кинабго, гьесул бичIчIикьеялъул каламгун Россиялъул телевидениялъул тIоцебесеб каналалда 15 февралалда бихьизеги гьабуна. Гьесул, журналист хIисабалда, бугеб гьунаралъ дун битIахъе хIайран гьавуна. Мисалалъе, кIиго улкаялда гьоркьоб, кинаб цIар гьелда лъуниги, рагъ унеб заманалда гьев щолев вуго Москваялъул метроялъул «Киевское» станциялде. Гьесухъа бажарун буго жибго станция тIаса бищиялдаса байбихьун, жинцаго бицунелъе ва бихьизабулелъе тIадегIанаб ва гьваридб, амма гIадамазда бичIчIулеб политикияб магIна кьезе. Гьес абулеб буго, гьениве лъугьунаго, музеялде щвараб гIадаб асар бижанила рекIелъин абун. Гьенир рукIинчIила чороклъи, наркотикал сунтIулел гIолохъаби, цоцалъ рагьулел гIадамал, чорокаб ретIелхьитгун бомжал. *(Цо моцIалъ цебе Москваялде, форумалде, щварав дунги ккун вукIана гьеб станциялде ва дирго бераздаги бихьун букIана гьеб берцинлъи - авт.).*

Украинаялъул халкъгун гуреб, гIадалал нухмалъулезулгун гурхIел гьечIеб рагъ унеб бугеб улкаялда метроялъул «Киевское» станциялъул гьайбатаб берцинлъиги, гьенисан рачIунел-унел гIадамазул гIодоре риччайги, ретIа-къайги



Гьаб буго Т. Карлсоница метроялда бахъараб Украинаялъул гIадамазул сурат.

бихьизабулаго, гьес балагьаразул бер речIчIизабулеб буго Нью-Йоркалъул метроялда бугеб ахIвалхIалалде.

Нужедаги бихьун батила телевизоралдасан гьеб ракI гьанцIизабулеб пасалъи: поездалъул вагоналда жанир гIодор чIаралъуб наркотикал сунтIулаго, гьебги щокъроб къан, хьегIулел ва кIалдиса бачIаращинаб чороклъи гIадамазда цебе, гIодобе тулел гIолилал, станциялда цоцалъ малал ран гIодор кколел гIадамал, вагоназда жаниб бугеб чороклъи.

Гьелдалъун Такерица якьинго бихьизабулеб буго Украинаялда чанго соналъ тарихиял бахIарзазе лъурал сиял риххизариялде гIунтIун унеб «дерусификация» гIадаб якIшияб «декураинизация» Россиялда гьабизе ракIалдацин гьечIеблъи.

Украинаялдайин абуни чанго соналъ унеб буго Россиялда кигIан дагьабниги хурхарабщинаб жоялде цIарал хисиялъул кIудияб компания. ГIурус мацI кьучIдасанго тIагIинабиялде тIадеги кIалагъоркье чIвазарулел руго Украина фашистаздаса ва цогидабги чороклъиялдаса эркен гьабизе жиндир заманалда рухI кьурал Россиялъул бахIарзазе лъурал хIурматалъулал ишараби.

Журналистасул махщалил камиллъиялъул бицунеб буго гьес гьенир гьел «дерусификация», «деколонизация» абурал рагIаби хIалтIизарулел гьечIолъиялъ. Амма гьесул мисалаздасан, дандекквеяздасан гьелъухъ балагьаразул, гIенеккаразул рекIелъе чвахун бачIунеб буго рехсарал рагIабазул магIнаги, гьеб улкаялъул нухмалъулезул гIадаллъиялъул пикруги.

Гьелде тIадеги, нацIида ццин бахъун цIаха цIадабе рехараб гIадин, гIурусазда хъатIараб щибниги теларилан, ццидакье тушбабилъун рикIкIунел руго Харьков губерниялда гьавурав генерал-майор, Украинаялъул миллаталъул Совет Союзалъул кIицIул БахIарчи Сидор Ковпак (1887-1965) ва Одессаялда гьавурав маршал Малиновскийгицин (1898-1967).

«Деколонизация» гьабулебин абун, Киевалъул мэр Виталий Кличкол хIукмуялдалъун Хмельницк областалда гьавурав, гьенив 14 соналъул ригьалда бахIарчиго хварав пионер Валя Котикил (КIудияб ВатIанияб рагъул БахIарчи, партизан, разведчик) цIарги хисун, къватIалда цIар тун буго «Венская» абун. Россиялъул колония букIиналдаса Австриялъул колониялъун букIин гIезегIанго лъикIаб бугилан ккун батилаха «ватIаналъул патриотазда»!

Гьеб кинабгоги гIечIого, гьанже Зеленскиясул сверухълъиялъ тIалаб гьабулеб буго, пачалихъалда «Украина» абураб цIарги хисун, цогидаб лъезе. Францияялъул цIар рагIарав хьвадарухъан Александр Дюмал рагIаби руго «инсанасул гIакълуялъул жиндирго цо гIорхъи букIунила, амма гIантлъиялъе ралIа-ракьан гьечIилан» абурал. Дунялалъул тарихалда ккарал гьединал хIужабаз бижизабураб пикру батиларищха хьвадарухъанасулъ гьеби.

**З. ИЛЬЯСОВ**

## БАРКИ



Казбек районалъул Хубар росулъа МухIамадов Назирхан лъаларев чи районалдаяли щиб гурин, республикаялдагицин цIакъ дагь гурони ватиларин ккола. Хубаралдаса Назирханица исана тIубана 70 сон.

Гьев вуго ракI-ракIалъго, чIухIи гьечIого гIадамасул хъулухъ тIубазе кидаго хIаракат бахъулев инсан, гIодобе биччараб гIамал-хасиятаъул жинда тIадкъараб хIалтIи ракIбацIцIадго тIубазабулев хIалимав хъулухъчи ва унго-унгояв гьалмагъ.

Назирхан рахIму-цIобалъул кумек гьабизе кидаго хIадурав вукIуна. ГIагараб Хубар росулъ гьес бана мажгит, къачIана росдал иццал. МахIачхъалаялъул кьватIал къачIазе гьабуна кумек. Кинаб кьваригIелалъ чи аскIове вачIаниги, гьес разиго мурад тIубала.

МустахIикъаб хIалхьиялде инегIан Назирхан гIемерал соназ хIалтIана Дагъистаналъул Пачалихъияб Советалъул материалиябгун техникияб хъулухъ гьабулеб управлениялъул нухмалъулевлъун. Гьеб жавабчилъи цIикIкIараб хIалтIуда гьесухъа бажарана республикаялъе кIвар цIикIкIараб идараялъул хIалтIи, гьелъул нухмалъулез кинабгIаги гIайиб чIваларедухъ, гIуцIизе. Гьединлъидал хIукуматалъул идарабазги къимат гьабула Назирханил.

2007 соналъ бахъараб Пачалихъияб Советалъул указалда рекъон, Н. МухIамадовасе кьуна ДРялъул пачалихъияв гIакълучиясул чин.

2019 соналда ватIаналъе гьабураб ракIбацIцIадаб хъулухъалъе гIоло Пачалихъияб Советалъул указалда рекъон, Назирхан мустахIикълъана ДРялъул ХIурматалъулаб грамоталъе. Гьесие кьуна «Дагъистаналъул рукIа-рахъиналъул рахъалъ хъулухъ гьабиялъул мустахIикъав хIалтIухъан» абураб тIадегIанаб цIарги.

Назирханицаги гьесул хъизан, Дагъистаналъул ва Россиялъул мустахIикъай учитель. Зумуратицаги, унго-унгояб тарбия кьуна лъабго лъимадуе. Гьезул кIигоял рахъана гIалимзабилъун. КIудияв вас Нажмудин, юристасул махщалие Москваялдаги цIалун, хIалтIулев вуго прокуратураялъул идарабазда.

Россиялъул президент В. Путиница 2024 сон Хъизамалъулаблъун лъазабун букIинги хIисабалде босун, лъикIаб хъизамалъул бетIер, хIалимав инсан Назирханида 70 сонилаб юбилейги баркулаго, гьарула щулияб сахлъи, талихI ва рохел.

***З. ИЛЬЯСОВ, С. ХIАЖИМУХIАМАДОВ, А. МАГЬДИХIАЖИЕВ, ХI. МУСАЕВ, С. САФАРОВ, Ю. ДАДАЕВ, М. МАЛИКОВ***

# «…ЦIар дурго халкъалъе хвел гьечIеб тана»



ЛъагIел сверана мунагьал чураяв ДРялъул халкъияв шагIир Хъвадарухъабазул союзалъул нухмалъулев МухIамад АхIмадов нилъедаса ватIалъаралдаса. Гьевин абуни вукIана гьваридаб лъайги, камилаб гIакълуги, берцинаб гIамал-тIабигIатги бугев унго-унгояв инсан.

Гьев кидаго вукIана ва хутIила жиндирго хаслъи бугевлъун, лъицаниги такрар гьавуларевлъун. Критиказги гьев гогьдаризавичIо, адабияталъул агьлу гьесухъ щаклъигун балагьана, амма гьесул гьунаралъул иццул лъел чвахиялда цебе хIетIе ккун бажаричIо. Жидеъ цIилъиги, хаслъиги, хинлъиги, рацIцIалъиги букIиналъ нух бахъана гьесул асараз цIалдолезул ракIазулъе.

МугIруз хасаб асар гьабула инсанасе. МугIруз рекIел асарал хIалуцинарула, гIадамал цоцазде гIагар гьарула, гIун бачIунеб гIел куцала бахIарчилъиялъе, инсанасул рухIияб квакIи лъадарула. ГIагарал мугIрул кколаан поэтасул творчествоялъул балъголъи рагьулеб кIул. ГIадада гуро МухIамадица абураб жив мугIрузе налъулав вугиланги.

Гьев кидаго ритIухъав вукIана цохIо «мугIрузул бакъназе»:

**Огь, дир гIагараб ракь, бокьулеб ватIан,**
**ТIад вугес дий кьураб даимаб талихI.**
**Дуца къуват кьуна дир къисматалъе,**
**Къиса гьелъул хъвана хъахIил зобазде.**

Киве кканиги, шагIир жиндихъего цIалаан гIагараб гьанситоялъул цIадул кунчIиялъ. Гьев пашман гьавун вукIана ахирал соназда лъикIаланго чIороголъарал росабалъцин ахIвал-хIал рахIат хвараблъун лъугьун букIиналъ:

**Кодоб тIамурги ккун, тIамулеб бакъан**
**ТIагIун буго гьанже росдал тIохазда.**
**Мадираби гьечIо, гваял лъугIана,**
**Мадугьалзабазул вацлъи бецлъана.**

**Дир лъимерлъиялда магIна букIана**
**МагIарул ракьалда кьалбал риччараб:**
**Чанги маргьабазул гьуинлъи лъана,**
**ГьоцIо рахьдал мацIалъ мацIалда хъвана.**

Нилъеда лъала Дагъистаналъул литературияб гамил цевехъанлъунги гIемерал соназ МухIамад АхIмадов вукIараблъи. Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъе гьес бетIерлъи гьабуна 2003 соналдаса нахъе ахирисел къоялде щвезегIан.

Ва жиндирго къадру-къиматалдалъун МухIамадида кIвана къадаралъул рахьалъ Россиялда бищун чIахIиязул цояблъун кколеб Хъвадарухъабазул союз цIунизе, гьелъул хIалтIи цебехун бачине. МухIамадихъа гьеб бажаризе букIинчIо, гьесулъ унго-унгояв рухIияв цевехъанасул бажариги пагьму-гьунарги букIинчIебани.

Дагъистаналъул адабияталъе бигьаяб заманлъун букIинчIо гьеб. Амма МухIамадихъа бажарана хIалтIи махщалида нухда бачине, цIунизе кIвана рухIиял хазинаби ва тIоцересел галаби тIамуна Дагъистан рухIияб рахьалъ цIилъизабиялде.

Гьесул хIаракаталдалъун Хъвадарухъабазул союз лъугьана ахирал соназда Дагъистаналда тIибитIизе лъугьараб яхI-намус гьечIолъиялде ва гьерсихъанлъиялде данде къеркьолеб къуватлъун.

Цебе ва гьанже заманалъул хIакъалъулъ хъварал МухIамад АхIмадовасул асаразулъ гьарзаго дандчIвала дунявияб ва рухIияб рохел жиделъ загьирлъулел гурелги, нилъер халкъалъ гIасрабаз хIехьезе ккараб гIакъуба-къварилъиги захIмалъиги. Гьел асараз нилъее загьир гьарула халкъалъул рухIияб рацIцIалъи, гьелъул цебетIей, нахъеккарал бакIал, гIадатиябги гIорхъолъа борчIарабги, цогидал миллатазулалда релълъарабги ва гьелдаса цIакъго батIалъулебги тарих. Тарихияб ритIухълъигун «Кавказалъул гьалдолел къоязул» къиса хъвазе тIаде босун, гьеб масъала тIубазабуралъухъги рецц-бакъалъе мустахIикълъана шагIир. Рокьиги щцинги, хIеренлъиги гIасилъиги, къуватги загIиплъиги цоцалъ бессараб нилъер заманалъул гIемерал суалазе жавабал ратула гьесул асаразулъ.

ШагIирас гIедегIичIого тIамуна шигIрияб махщалил борхалъиялде гали, махщел-гьунаралъул балугъалъиялде вахана ахIи-хIур гьечIого. Гьеб бихьула магIарул ва гIурус мацIазда рахъарал гьесул «Хаслихълъиялъул сагIат», «Къоял», «Сонал», «Жугьа», «Поэт», «Балъгояб сагIат», «ХъахIаб рас» ва цогидали тIахьал цIалидал.

Щивав шагIирас нахъе тола жиндирго школа. Гьеб школа гIуцIана МухIамад АхIмадовасги – хадур рачIунел гIолохъанал шагIирзабаздаса гьес тIалаб гьабулаан ракI рагьараллъун, жидерго пикру бугеллъун ракIин.

Гьес кIварабщинаб гьабуна Дагъистаналъул литература яхI-намусалъул ва инсанасда рекъараб хъвада-чIвадиялъул матIулъун, рахьдал мацIал такрарлъи гьечIеб хазина букIин бичIчIулел гIадамал цолъизарулеб къуватлъун лъугьинабизе. Щивасухъ гIенеккизе, чиясул адаб-хIурмат гьабизе лъалев МухIамад лъугьунароан жиндирго пикру цогидазда босизабизе, гьес адаб гьабулаан щивав хъвадарухъанасул, гьесул пикруялъул хаслъиялъул.

АхIмадовасул поэзиялъе хасиятаб буго философияб лирикаялде цIайи букIин, поэт тIад-тIад вуссун машгъуллъулев вуго инсанасе даималлъун кколел хазинабазул хIакъалъулъ пикрабазде, гьев ургъулев вуго инсанасул гIумруялъул магIнаялда, хъвада-чIвадиялъул нухазда тIад.

Жиндирго гвангъараб гьунаралдалъун ва унго-унгояб рекIел бухIиялдалъун АхIмадовас ракI-ракIалъго хъулухъ гьабулеб букIана бищунго къиматаб хазиналъун кколеб рахьдал мацI цIуниялъе ва цебетIезабиялъе. ШагIирасда лъикI лъалаан халкъалъул рухIияб бечелъи ва цIодорлъи сундасаго цебе рахьдал мацIалъулъ загьирлъулеблъи:

**МагIарул мацIалъул цIумур гурони,**
**ЦIар дир ахIулаго, хIикмалъуларо.**
**ХIукумат, пачалихъ – хисардулеб жо,**
**Жугьабазул улка – гьеле дир ВатIан.**

Амма жакъа халкъалъул чIухIилъун лъугьараб авар мацIалъул ахIвал-хIал лъикIаб гьечIо. Дагъистаналъул цогидал халкъазул мацIалго гIадин, кIочон толеб буго магIарул мацI, къобахъанагIан дагьлъулел руго гьеб хIалтIизабулел бутIаби.

М. АхIмадов вукIана ВатIаналъул мустахIикъав вас, жамгIияв хIаракатчи ва гьебго заманалда киназухъего кумекалъулаб квер бегьизе хIадурав инсан. Гьеле гьелъин гьесул хIурматги гьабулеб букIараб.

Поэтасул пикраби сверулел ракIунаан рекIее хIалхьи толареб цоги суалалъ – гIумруялда поэзиялъ ва поэтас кколеб бакIалда сверухъ. Нахъеги гьеб суалалде шагIир тIадвуссунев вуго «Поэт» абураб прозаялъул тIехьалда.

ТIехь гIуцIун буго нилъер тарихалъул ва жакъасеб гIумруялъул бицарал бутIабаздасан, гьеб лъугьун буго художествияб рахьалъ камилаб тIансалъун. Сонисеб ва жакъасеб Дагъистаналъул хIакъикъат бихьизабулеб гьеб тIехь лъугьун буго жинда релълъараб цоги гьечIеб гIадаб хIикматаб асарлъун. ЦIалдоледа цебечIола нилъер умумузул бахIарчияб тарихги, нилъер жакъасеб гIумруялъул рухIияб хъарцинлъиги, чороклъиги, хъантIиги, хъулухъ жидерго хасал мурадазе хIалтIизабиги, хIакимзабазул рахIму гьечIолъиги ва гIадатияб халкъазул къварилъабазул ралъад лъугьун букIинги. «Поэталда» абизе бегьула Дагъистаналъул гIумруялъул энциклопедияйилан.

Гьебго заманалда «Поэт» абураб тIехь ккола шагIирасул рекIел ахIи. РекIел ахIийин абуни цорахьалъулаблъун букIунаро. «Поэталдаги» бичизе кIолареб гарацIлъун цоцалъ рухьун, журан руго нилъер гIасруялъул ва жакъасеб къоялъул цIакъго захIматал суалал.

Поэт кколаро, рохалил тадбиразде машгъуллъун, лъалъарал рорхулев чи. МухIамадида лъалаан гIумруялда жанир поэтасда дандчIвалел захIмалъабиги къварилъабиги: «ШагIир вуго жанисеб гIумруялъул, гьинал рекIел, хехго хисулел, хвел гьечIел лахIзатазул, бичIчIизе захIматаб хIасраталъул кочIохъан. Гьесул рекIеда сверухъ сверула дунял. Гьесул кочIол ватIан буго рухIги яхIги, гьесул кочIол улка буго унтиги ургъелги», - ян хъвана гьес.

ШагIирас жиндиегоги кьолеб буго суал: «Поэзия щиб кколеб?» - абун. Жинцаго жавабги кьолеб буго: «Поэзия ккола дудаго лъачIого дуе тарбия кьолеб тIадегIанаб рухIияб къуват. КечI цо къоялъе, цо моцIалъе, цо лъагIалие хъвалеб жо гуро. Поэзия ккола гIемераб заманалъе нахъе толеб шагIирасул гIумруялъулги гьунаралъулги лъалкI. Хиси гьечIеб намусги, яхIги, гIаданлъиги, гIамал-хасиятги хутIула гьелда цадахъ», - ан.

ТIолабго гIумруялдалъун, гьарулел къадруял ишаздалъун, жиндирго щибаб тIехьалдалъун М. АхIмадовас нилъее киназего мисал бихьизабуна творчествоялда тIад хIалтIиялъул, тIаде босараб ишалдехун гьабулеб бербалагьиялъул рахьалъ.

МухIамадги гьесул поэзиялъул тIадегIанлъиги бичIчIизе бокьаразе цохIо «ГIарафат» абураб поэма цIаланиги гIола. Гьеб буго шагIирасе БетIергьанасдасан кIудияб гьунарги мухцелги насиблъун букIиналъе нугIлъи гьабулеб асар. Ва аслияб жо, гьеб цIалараб мехалда нилъеда цевечIола цIияв шагIир – МухIамад АхIмадов. Гьадин байбихьулеб буго поэма:

**Дида зобалазул гьаракь рагIула:**
**– РагIиги дугIаги цолъизе гьабе!**
**Гьардарав, БетIергьан, гьунар кIалъана:**
**– Лъалебищ дудаго дурго нухилан.**
**РекIехъ гIенеккула… Гьелъул кIутIиялъ,**
**КIутIбузда сири бан, дугIа гьабула:**
**– Дунял, мун гуккулеб, лахIзатлъун бугин, –**
**АхIи балеб буго ГIарафат мегIер.**

Ахиралдаги абила, МухIамад АхIмадов вукIана халкъалъ къабул гьавурав, мустахIикъаб машгъурлъи щварав шагIир. Гьесул цIарги асаралги адабиялъго хутIила магIарулазул рекIелъ.

*МухIамад МУХIАМАДОВ,*
*филологиял гIелмабазул доктор,*
*профессор, Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул магIарул секциялъул нухмалъулев*

# ГIумруялъул магIна: биххизабичIого - гIуцIи, тIагIинабичIого - сах гъаби

**КIудияб гъираялда гара-чIвари гъабула дица гьанже заманалъул гIакъилзабазулгун. Хьул букIуна гьезул насихIатазул гIолеб гIелалъеги пайда щвелин абурабги.**

**Арсен Гъаниевгун дандчIваделде цебе, лъай-хъвай ккана гьесул вац, жамгIияв хIаракатчи, политик, предприниматель, журналист Аркадий Гъаниевасулгун. Кремлялъул кIалгIаялда тIобитIулеб Дагъистаналъул концерталде унаго лъай-хъвай ккана махщел бугей хъвадарухъан ва литературовед Алиса Гъаниевалъулгунги. Амма бищунго ракIалда чIараб хIужалъун ккола, Дагъистаналъул медицинаялъул институталъул студентасе, дие, операциялъул столалдаги вегизавун, хирург ГIабдугъани Гъаниевас гьабураб квербакъи. Дагъалъ хадуб «Дагъистаналъул гIолилал» газеталда цIалана ХIажи ГIабашиловасулгун Арсен Гъаниевасул ккараб накъит. Гьединлъидал Гъаниевал дида церегоялдаса нахъе лъала.**

**«Аэро Павелецкая» гостиницаялъул нухмалъулев Тажудин Исрапиловасул нухмалъиялда гьоркь, Москваялъул дагъистанияз кIодо гьабулеб букIана Расул ХIамзатовасул 100-сонилаб юбилей. Гьеб букIана цIакъ ракIрагъараб, рекIее асар гьабулеб дандеруссин. ГIезегIанал рахъана цере. Амма балагьарал сагъвил гьаруна Арсен Гъаниевас авар, гIурус, ингилис ва паранг мацIазда ракI-ракIалъ цIалулел кIудияв шагIирасул рагIабаз. Ракьцоясдаса чIухIизе бачIана. Кин букIаниги, руго нилъеда гьоркьор кIудиял интеллектуалал. Россиялдаги Дагъистаналдаги гьединал гIадамал гIемер рукIаралани, ракI-ракIалъ хIухьелги цIан, бугеб къуваталъ тIаде гьункъизе кIвелаан.**

**Гьеб тадбиралдаса хадуб, гIемераб мех иналдего лъикIаб гара-чIвари ккана машгьурав дипломатасулгун. Гьес загьир гьарурал пикрабазул цо бутIа къватIибе кьезе хIаракат бахъилин.**



### Гъаниевас абуна...

…Гьаб дунялалда инсанас ккoлеб бакIалъул суал кидаго хутIизе буго кIвар бугеблъун ва гьелда тIад цIакъго гъваридго ургъизе ккола. Гьелъие заман цо лъикIаб чаялъул чашкаялда нахъа жеги батила нилъеда. Командировкабаз батIибатIиял бакIазда вугебгIан мехалъ дида гIемер дандчIвана, лъайхъвай ва гьудуллъи ккана батIибатIияб хасияталъул ва даражаялъул гIадамазулгун. ХIатта «ЦIоробраб рагъул» заманалдаги гьоркьорлъаби рукIана США-ялъул ва НАТО-ялъул вакилзабазулгун. Гьезда гьоркьор рукIана чIахIи-чIахIиял хIакимзаби, дипломатал ва хасаб хъулухъалъул вакилзаби. Амма гьезулгун гара-чIвари гьабулаан цого даражаялда, дунго кIудияб улкаялъул дипломат вукIинги кIоченчIого. ГIадамазда вичIчIизе гIоло хисардизеги хIалбихьичIо, дирго къадруялда хIур хъвазе течIо. Бухьен букIана «лъабабилеб дунялалъул» президентазулгун, премьер-министразулгун, хIукуматалъул вакилзабазулгун ва политикиял партиязул нухмалъулезулгун. Гьезулъ дида гIакъилалъиги пикрудал гъварилъиги гуреб, кинаб букIаниги ракIчIухIи ялъуни пахрулъи халлъичIо. Дир ракIчIола дунялалда цIодорал, гIакъилал гIадамал цIикIкIун рукIиналда. Гьелъ ракIги дагьаб парахалъизабула.

…Амма чанги пачалихъазул тIадчагIазда гьоркьор гIезегIан руго рекIкI бугел, хIарамаб боцIуда хадур хапдолел, вахIшиял гIадамал, бича-хисиялдаса тIокIлъизабураб гIарцудаса лазат босулел бизнесменал, олигархал. Гьез «бетIербахъи» гьабулеб буго жидерго ватIаналъул тIабигIиял сурсатал къватIире ричиялдалъун, жидерго гIарац гьез къватIисел пачалихъазул банказда цIунула. Гьел тIабигIиял сурсатазул бетIергьабазул, ай жидерго ракьцоязул ургъалабазул гьез кIварго гьабуларо.

…КIвараб хIаракат бахъизе ккола гIумруялъул нухда нилъеего захIмалъаби, гIузраби ралагьичIого чIезе, амма, нагагь гьелгун дандчIвани, гIакъилал, рукIа-рахъине лъалел, гIадамазул насихIаталги гIадахъ росун, нилъецаго гьел къинаризе. Хабар гIемер бицинчIого, къучIаб рагIиялъул бетIергьанлъун, бихьинчилъун вукIине хIаракат бахъизе ккола. ЗахIмалъабигун кьеркьей ва гьел кьезари – бихьинчиясда тIадаб борч бугелъулха.

…КIвеладай инсаниятялда ядерияб рагъ нахъчIвазе? Гьеб цебечIезабизецин хIинкъизехьин вуго. Дунялалъул халкъаз нухмалъулеллъун рищизе ккола рагъул кор боркьулел гурел, гIакъилал гIадамал. Жакъа нилъеда сверухъ буго рахIат хвараб, цоцаздехун божилъи гьечIеб заман. ТIадчагIазда гIадатияб, гIадамазул къагIидаялъ кIалъазе тIубанго кIочон тун буго. Нухмалъулезеги дипломатазеги заман щун буго къалуе «шартIал» чIезаричIого, ракълилаб бухьен гьабиялъе ругьунлъизе. Дунял цIакъго гьитIинаб буго кIудиял рагъазе, гIадамасул гIумруйин абуни цIакъго къокъаб буго тушманлъиялдаги, чIвай-хъвеялдаги, къвагьи-гIанхъиялдаги хвезабизе. Дунялалъул гIумруялъул магIна ккола - биххизабичIого - гIуцIизе, тIагIинабичIого - сах гьабизе лъай.

…Россиялъулги Украиналъулги гьоркьоблъиялъулги бицен гьабизе бегьила. Гьаб суалалда хурхун, гIемерал соназ хIебтIарал, дандельарал ва гIемеррахъазулал гIузраби руго. Гьелъ кIиго улкаялда гьоркьоб букIараб мадугьаллъиги гьудуллъиги биххизабуна. Гьеб цIакъ захIмалъулеб буго рекIее. Гьеб гьедин ккезе бегьулароан. Хадусеб нухалъ нилъеца гьелъул хIакъалъулъ жеги гъваридго бицен гьабила.

Дида ричIчIула машгьурав хирург Николай Пироговасул гьадинал пикраби: «Нилъерго ВатIаналда сверухъ кIудияб къал кколеб мехалда, гьелъул къисматалде мугъ рехизе бегьуларо нилъецаги…».

…ВатIаналъе хилиплъи – гьеб буго бищунго вахIшияб, нахъегIанаб ва тIасалъугьин гьечIеб такъсир. Гьеб буго чохьол эбел рехун тей гIадаб жо. ВатIаналъе хъулухъ сундухъниги балагьичIого гьабизе ккола. КъватIисел пачалихъазда вугебгIан мехалъ цо-цо «гьудулзабазул» хилиплъиялъ дирги ракI лъукъана. Дунялалда кибниги гIурмат гьабуларо хиянатчагIазул. Гьездаса цо-цо пайда букIуна хасаб хъулухъалъул хIалтIухъабазе. Хасго бихьинчиясда кутакалда рекъечIеб хасият буго гьеб.

…ГIолохъанал ракьцоязда дица гьарилаан лъай тIалаб гьабиялде цIикIкIун кIвар кьеян, жидерго рагIуеги къадруялъги хилиплъугеян. Республикаялда, улкаялда ва дунялалда ругел гIунгутIабазулги гIузрабазулги хIисабги гьабун, жидерго пикругун, чияца бица-бицаралда хадур инчIого чIани, лъикIаб букIинаан. Бищунго цебе цIунизе ккола нилъерго халкъалъул мацIги, гIадат-гIамалги, къадру-къиматги. Спорт - гьебги кутакалда лъикIаб иш буго, амма тIоцебесеб бакIалда лъай букIине ккола. Гьунар бугел школлъималазеги, студентазеги, гIалимзабазеги, технологазеги кумек гьабизе ккола. Дие рокьула Д. Менделеевасул рагIаби: «… тIоцебесеб дир хъулухъ – ВатIаналъе, кIиабилеб - гIелмуялъе, лъабабилеб - промышленносталъе».

Республикаги улкаги цебетIеялъе бищунго гьеб сиясат рекъолин ккола дида. ВатIан бокьиялъул бицун ахIи бачIого, щивас жиндиего суал кьезе ккела: «Дуцаго щиб пайдаяб иш республикаялъеги улкаялъеги гьабураб», - ян. РекъечIеб иш букIана аэропорталде гьужум гьаби. Гьелъул бакIалда маданияталъулги, гIелмуялъулги, лъай кьеялъулги тIогьалги кверде росун, машгьурал гIалимзабазулги рахьин лъикIаб букIанин тола дица. Халкъалъул къадру-къимат политиказ гуро бахинабулеб, гьеб бараб буго гIалимзабазда, хъвадарухъабазда, суратчагIазда, музыкантазда, архитекторазда…

…Дун кутакалда вохана предпринимательгIумар МуртазагIалиевас (гьев ккола Москваялда вугев дагъистанияв) гьунар бугел школлъималазеги, студентазеги, гIалимзабазеги квербакъиялъул фонд рагьулеб бугин рагIидал. Гьесул гьабулеб дандебилълъаги, Дагъистанги Россияги цебетIезабиялъе гьев гIадал гIемерлъаги.

…Дагъистан батIатIун униеб бугин ва жибго жиндаго чIолеб бугин бицунеб рагIула цо-цо блогераз. Гьеб буго ахIмакъаб ва мекъаб пикру. Дагъистан тIатIала ккей ва дагъистанияв хIакъир гьари буго гьелъул хIасил. Гьедин гьабун анкь иналдего, Дагъистан мадугьалихъ ругез бутIабазде бикьа-къотIизе буго, дагъистаниялин абуни хъулухъ гьабулел лагъзазул даражаялде ккола. Политикаялда гьорлъ бугеб шизофрениялъ улка биххизабиялъеги, гIададамазда къварилъи цIаялъеги «квербакъи» гьабулаан кидаго. Дагъистан гьединал пикрабазул бетIергьабаздаса цIунизе ккола.

…Туризм квешаб иш гуро, амма дида бицуна гьелъул Дагъистаналъул росабазеги, районазеги, шагьаразеги кинаб букIаниги хайир кьолеб гьечIин. Гьеб гуребги, туризмалда бан, Дагъистаналда гIумру гьабизе цIакъ хираго чIезехьин буго багьаби рахинариялда бан. ГIалагъважаги гIузрабиги цIикIкIунел руго. Нилъ жеги гIемерго рикIкIад руго цивилизацияб туризмалдаса. Дагъистаналда захIматго гурони батуларо бацIцIадаб Каспиялъул рагIаллъи, сахал хIажатханал, хIухьбахъиялъул бакIазда букIине кколеб хъулухъ. Цоцоялин абуни туристазе бадирчIваял гьарулел руго. ЦебетIураб жамгIияталда гьоркьоб данде кколеб жо гуро гьединаб адаб гьечIолъи ва хъачIлъи. Дида ккола, санкциял нахъчIван хадуб, къватIисел улкабазде хIухьбахъи гьабизе ине ресал цIикIкIун рукIинин, Дагъистаналде рачIиналдаса.

…Пашманлъизе бачIуна Дагъистаналда токалдаги, лъедаги, тIабигIат цIуниялдаги, ришватчилъиялдаги сверухъ кинго тIагIинаризе кIоларел гIузрабазул бицунеб рагIидал. ГIолилазда тIадаб буго ВатIаналъул цебетIеялъе ругел ресазда тIад лъикI ургъизе ва гьелда гьорлъ жигараб гIахьаллъи гьабизе. ГIолохъаби рукIине ккола лъай бугеллъун, жавабчилъи цIикIкIараллъун, жигараллъун, жидеегоги, хъизамалъеги, Дагъистаналъеги, Россиялъеги пайда бугеллъун.

*Хъвана*
***М. ГIАБДУЛХАБИРОВАС.***

# Дир лъимал - дир матIаби

**Дагъистаналъул мустахIикъай учитель, Гъизилюрт шагьаралъул №9 школалъул директорасул тарбия кьеялъул рахъалъ заместитель, ТIолгороссиялъул чанго конкурсалда чIел босарай магIарул мацIалъул учитель Сарат МухIумаева лъаларев чи къанагIатги ватиларо. Гьелъ къватIибе биччана байбихьул классазда авар мацIалъул дарсал кьолел учительзабазе кумекалъе чанго методикияб тIехь, ккола цо тIехьалъул соавторги. Дагьаб цебегIан цоги рохалилаб хабаралъ дагьабги тIадегIанлъиялде бахинабуна учителалъул творческияб гIумру. ДРялъул бетIер С. Меликовасул указалдалъун гьей мустахIикълъана Расул ХIамзатовасул медалалъе. Саратида гьеб тIадегIанаб шапакъатги, гIумруялъул 50 сонги, тIаде щвараб Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIазул кьоги баркун, ракIалде ккана гьелъулгун гара-чIвари гьабизе.**

**- Сарат, мун лъала республикаялъул цогидал мацIазул учительзабаздаги. Дур буго цIалдохъабазе сайгъат гьабураб хасаб дунял. ЦIалдохъан ва учитель – щалха гьел кколел дур пикруялда?**

- ТIоцебесеб дир рекIелъе бачIараб асар бицинин. Цо батIияб хинлъи, гьуинлъи, эбелалъулаб рокьи. Амма гьеб буго, цIалунги рахъун школалде хIалтIизе рачIунеб гIолохъанаб заманалъ, щивав студентасул рекIелъ букIунеб кIудияб анищ. Жиндир лъикIа-лъикIал мугIалимзабаз теория малъулеб, педагогикаялъул ва психологиялъул тIахьал цIалулеб заманалда, цониги студентазда ракIалда букIунеб батиларо, жиндир кида букIаниги цIалдохъабазда щцин бахъинин, гьезулгун дандеккунгутIи букIинин абураб жо. ГьакIкIан кIалалгун, шуричIого гIодорги чIун, мугIалимасул кIалдиреги ралагьун, малъа-малъараб гьабулел рукIинин кколарищха нилъеда лъимал, нилъго лъикI хIалтIани. Амма школалде рачIаразда хIакъикъат батIияб батулаха.

Гьеб буго бищунго захIматаб жо - теория практикаялда хIалтIизабизе бажари.

Учительги цIалдохъанги батIибатIияб ригьалъул гIадамал руго. Гьезда гьоркьоб буго гIемерал соназул батIалъи, гьел цоцаздаса ратIа гьарулеб гъваридаб кIкIал. Гьеб кIкIал бахин бигьаяб жо гуро, бокьа-бокьарасда кIолеб жоги гуро. Гьеб бахине ва цоцазухъе нух рагьизе ккани, гурун гъуждулгун, гIемераб гIакъубаги бихьун, дагьдагьккун мугIалимзабаз мурадалде рачунеб кIудияб захIмат буго. Гьеб кIкIалалда тIасан цоцазухъе эркенго ине кIолеб кьо базе ккола.

**- Щиб хIажалъулеб гьеб кьо базе ккани?**

- Гьеб кьо баялъул хIалтIуе байбихьи лъолеб аслияб жоги буго рокьи ва цоцазул адабал цIуни. ГьитIинал ругилан течIого, щибаб лъимадул напсияб рахъ хIисабалде босизе ккола мугIалимас. Цо нухалъ ццидакье, тохлъукье абун борчIараб рагIи яги кIутIараб квер лъимералда кIочене гьечIо, гьелъул рекIелъ нахъе унареб тIанкIлъун ва сахлъулареб ругъунлъун хутIизе рес буго. Нилъеда бадиреги ралагьун, расги сундулго ургъел гьечIелин ккаралгIан лъималазул батула гъваридаб жаниблъи. Гьединлъидал бокьарав мугIалимас бищун цебе кIвар кьезе ккколеб жо буго гьел лъималазул рекIел хIал. Гъурмаде ццидал рагIад рехилалдего, пикру гьабизе ккола дун гьабсагIат хъачIго кIалъалин, цинги гIодове виччалин, гьоб лъимадул рекIелъ кинаб лъалкIдай хутIилебин абун. Дунги дир дарсги гьосие щибизе, гьеб гурого рокьи учителасда жиндир дарсиде бачIинабизе кIолеб гьечIони? Кинабго гIайибги улбуздеги лъималаздеги рехунги чIун, жиндиего кьолеб суал бачIине ккеларищ мугIалимасул ботIролъе? Дун щиб гьабулев чиха кколев гьаб школалда? Дир напс гьадигIан кIодого бихьулев дие лъимерго лъимер букIаниги, гьав дида цеве вугев цIалдохъанги инсанлъидал кколев. Гьев инсанасул напс щайха дие гьадигIанго гIодобегIанлъулеб? Дица щиб гьабулеб бугеб гьел лъималазе дир


Лъималазе къойил кьолеб гьимигун

дарсал рокьизаризе, гьел дихъ гIенеккизаризе? Гьедин цевеги вахъун дарс бицинеяли гIиявехьасдаги кIвела, добе-гьанибехун буссине лъугьараб чахъдада гIадалъ тIилги бан. Гьедин чIарал гIолелани. . Гьединлъидалин мугIалимасе жиндирго дарсазде цIалдохъабазул рокьи бачIине ккани, цин живго вокьизавизе бажаризе ккколеб. Жакъа учителасул къадруги даражаги расги лъикIаб бакIалда гьечIо, харжазги куркьбал гьолел гьечIо, сахлъиялъги лъикIаб бицунеб гьечIо, тIаде ккараб гьирги тIадагьаб гьечIо. Гьединлъидал цIараб заманалда жаниб жиндирго дарсги кьун, лъималаздаса лъайги тIалаб гьабун чIеялда гIей гьабулеб буго гIемерисез. Гьезде гIайибги кин гьабилеб? Амма доб кIкIалалда тIасан цIалдохъабазул рекIелъе нух лъолеб кьо базе кIварав учитель вуго кутакалда талихIав инсан, унго-унгояв махщелчи. Гьединав мугIалимасда цереги ккун, талихIалъул цIва жидее кунчIарал цIалдохъабаздаги бахиллъизе бегьула. Гьеб кьагIидаялда кьимат кьуни, мугIалим лъугьуна цIалдохъанасе я дунял бихьизе рес кьолеб гвангъараб матIулъун, ялъуни жанире кигIан къуланиги, гьорлъ бугеб жо бихьулареб хIабургъараб хIорлъун.

**- Гьеб матIулъун лъугьине кIванищ дуда?**

- ГIемерал соназ хIаракат бахъана, амма гьунарги сабруги гIечIо. Сабруги гьеб ишалъулъ гьунаралдасаги бергьаниги, къезе бегьулеб жо гурелъулха. Дун дирго бутIаялъул хIасилалдаса киданиги рази йикIинчIо. Жакъаги гьечIо. Дица гьеб ишалда жаниб лъурабщинаб бутIаялъул хIисаб гьабуни, гьелда рекъараб хIасил дие, кигIан урхъаниги, щвечIо. Амма дие бокьилаан гьеб суал дида цере рукIарал цIалдохъабазеги кьезе, гьезул пикру рагIизе. Щиб лъалеб, кинагего лъугьинчIониги, цо-цоязул рекIелъениги кIун батизе бегьулагури дида гьеб кьо лъезе.

**- Цогидазул бераздалъун щий ккола Сарат МухIумаева?**

- Сарат МухIумаева ккола загIипай чIужугIадан, ункъо лъимадул эбел, кIиго лъимадул кIодоэбел. Гьеб борч бищунго кIвар бугеблъунги тола дица. Щайгурелъул щияб эбелалда тIадаб налъи буго жиндир чохьол лъималазе лъикIаб тарбия кьей. Дир лъимал руго гIадамазда дун йикъулел матIаби. Гьезул рацIцIалъиялда бараб буго дир къадруги, намусги, цIарги. КIиабилеб борч буго дир хIалтIи. Дир хIалтIи лъалез абила гьелъие хIалтIи букIанин кидаго бищун аслияблъунилан. Мун дурго рокьоб гьабулеб жоялдегIаги регIулищан гIемер цIехана дида. Дирго рукъги хъизанги дие кидаго аслияблъун букIана. Амма хIалтIуе гьелдалъун квалквал ккезе биччачIо. Къаси сордо, къад кьо, гIодобкъо, каникулал батIалъи гьечIого, гьабуна дица рахьдал мацIалъул хIалтIи. БетIер кидаго цо щиб букIаниги цIияб жо ургъулеб букIунаан. РакI Аллагьасде юссине бокьун букIунаан. Жакъа кьоялъги



Творчествоялъул гIумруялда - Расулил медальги

гьебго къеркьей буго дида жаниб. Дунги херлъулей йиго. КIикъоялда анцIго сон - гьеб дагьа-макъаб жо гуро. Нилъ бусурбаби ругелъул, хутIилищха хIисаб гьабичIого метерисеб кьоялъул. ГIемер гьарула дица гьел пикраби. Хасго гIадамазулъ батулеб ракIхъублъиги, жахIдаги бихьараб мехалъ, сундасаго ракI буссуна, кинабго тун Аллагьасдеги юссун, дирго рукъги тIубан йикIине бокьилилан ккола. Дун Аллагьасукъа хIинкъула гьереси бицине, гьединлъидал ракI-ракIалъ абулеб буго, дир мурад букIинчIо цее ккей, гIадамазда цIар рагIарайлъун лъугьин. Намусги ракIги бацIцIадго абизе кIола, дица гьабунщинаб жо дирго магIарулльиялдеги, рахьдал мацIалдеги, хирияб ватIаналдеги бугеб рокьуца куркьбалги гьун гьабунилан.

Амма камичIо нухде ганчIал ралелги, нахъасан кIалъалелги, дун цIаруего хIалтIулей йигилан абулелги, дие щварал шапакъатал ракьалъун щокъроб къаралги. Гьел лъилгоги гIумрудул нухда рукIунел ратила. КигIан гьединал чорокал хивалал рекIелъ рахчарал жахIдачагIазул гъибат бергьаниги, дица хIаракат бахъана, гьеб киналъухъго гIинтIамичIого, дирго гьабулеб жо цебехун бачине. Амма дунги загIипай чIужугIаданлъидалха, дир жидедехун лъикIаб бербалагьи букIаразгицин гьарулел хIалихьатал жал рихьидал, ракI буссинчIогоги хутIулароан. БукIаниги кумек Аллагьасдасан гьарулаан, Аллагьасги дие кьезе ва дида бихьизе хъвараб дидаса кибеха борчIизе телеб? Дир хьул букIуна гьаб мугIалимлъиялъул иш Аллагьасе гIоло нигаталда гьабуни, гьелъулги кири камилареб батилин абураб. ХIаракат бахъулейин йикIуна метерисеб кьоялъ батулеб, Аллагь разияб куцалда хIалтIи гьабизе.

МугIалим, гьудул, инсан хIисабалда Сарат МухIумаева щий кколеяли цогидаз кьезе те кьимат. Амма дида хIинкъичIого абизе кIола дирго хIакъалъулъ: Сарат МухIумаева йиго гIицIго магIарул мацIалде ва ватIаналде бугеб рокьиялъ хIалтIизе тIамурай мугIалим. ЛъикIал гьудулзабиги кьуна дие Аллагьас, цояздаса цоял лъикIал гIадамалги кьуна аскIор, бажараб бакIалдасан дицагоги гIадамазе кIвараб лъикIлъи гьабуна. КигIан берда бихьарабги, гIинда рагIарабги, диего гьабураб хIалихьалъиги бихьичIебги рагIичIебги ххвелги гьабула, расги гьечIеб гIадин гьел гIадамалгунги кIалъала. Дир гьездехун ракIхъублъиги букIунаро. Дир рекIеда гьединаб бакIаб гьир баччизе кIоларо. Дие бокьула гIадамазул гьалатIалги рихьичIеб ххвел гьабун, гьезул лъикIал рахьал цере ккезе.

**- Директорасул заместитель хIисабалда, кинай гIаданха йигей Сарат МухIумаева?**

- Дица гьеб хIалтIуда ругел гIадамал толаан кидаго системаялъул лагъзаллъун, щибго пайда гьечIеб хIалтIуда нахъа, хIатта мугIалимзабазе квалквалалъе ругел директорасул кумекчагIилъун. Мирза МухIамадович тун батIияв чияс тIадкъарабани, гьеб хIалтIуде лъугьинеги йикIинчIо. Гьес гьабураб божилъи хвезабизе кIвечIо. Гьедин ккана дун гьеб хьулухъалде. Жакъа къоялъги дида ракIчIун абизе кIола ракIбацIцIадго хIалтIулев мугIалимасулалдаса кIвар бугеб хIалтIи школалда гьечIилан. Гьеб хIалтIи тIаде босараб мехалъ, дида цо кIудияй мугIалималъ абуна авар мацIалъе заралги камиги кканин гьанжеян. Щайдай гьелъ гьедин абунаян кана дида. Дица диего ракIи къуна, гьеб хьулухъалдасаги кIвараб пайдаги босун, рахьдал мацIги умумузул лъикIаб гIадатгIамал цIуниялъеги кIвараб хIалтIи гьабизе. Кутакалда бокьун букIана жалго мугIалимзабазеги гьабизе бажараран лъикIлъи.

Ниж хIалтIула муфтияталъул хIалтIухъабигун, гьабула бажарараб иш гьанжесеб гIелалъе тарбия кьеялъул мурадалда. Амма гIун бачIунеб гIел холеб бугеб куц бихьидал, ракI унтулеб буго. Гьанже пайда гьечIел кагътал тIуралаго, гIемераб заман холеб буго, пайда бугелъе заманги сахлъиги хутIулеб гьечIо. Гьелъ дагьабги цIакъ ракI унтулеб буго. Дица нижерго цIалдохъабазе рес ккканщинахъе бицуна рахьдал мацIалъул бугеб кIваралъул, ватIан бокьизе ккеялъул, умумузул гIамал-хасияталъул хIакъалъулъ. Исана КIудияв Расулил темаялда тIасан ТIоцебесеб цIумур бачине щвеялъ кутакалда йохун йикIана. Бокьула дие нилъерго хасалъи кинаб букIаниги тIобитIулеб тадбиралъулъ лъезе. Школалъул театралда **«ЧIилбикI»** лъуна цIар. ЧIилбикI щивали чан магIарул лъимералдаха лъалеб? Волонтеразул отрядалда **«Кумек»** лъуна. Школалъул лагералда **«Лачен»** лъуна. Лъималазда кIочене тезе бегьилищ жал кисан рачIарал, кинал умумузул наслаби кколелали? Жакъа бищунго кIвар бугеб суал буго гIолеб гIелалъе лъикIаб тарбия кьей. ТарбиялъулӀ иш алде кколеблъи бихьун, нилъецани цебего ахIи балеб букIана халкъалде, амма нилъер гьаракь рагIичIо. Нилъ тана сагIтазухъ гIодулел чагIилъун. ЧанцIул абураб рахьдал мацI хвеялда цадахъ халкъги холин, халкъалъул хасиятги лъугIулин. Гьале жакъа руго дол соназ хьанциналъул бачIин бакIарулел, гьелъие ккараб гIиллаги жеги бичIчIулеб гьечIо гIемерисезда. Нилъер мацIазда тIасан унеб буго гирун кIудияб михир. Гьеб чIезабизе кIвейги щакаб жо буго. Амма дун чIаго йигебгIан заманаялъ дихъаго бажарараб гьабизе нигат буго динги, мацIги, гIамал-хасиятги цIуниялъе.

*Гьалеха, хIурматиял цIалдолел, Саратил рухIияб дунялалде гьабураб гьитIинабго сапар ахиралде щвана. Миллаталъул милаталда йигей, гьелъул букIинеселда ракI унтун йигей, рахьдал мацIазул ургъалида гьуинаб макъуялдаса махIрумлъарай учителалъцин абулеб буго жий жиндасаго рази гьечIилан. Гьеб гурищ творческияб гIумруялъул киналго хIокIалги нахъа тун, гьелъул тIадегIанлъиялда йигей учителалъул гIадатлъи.*

***Гара-чIвари гьабуна Шамай ХЪАЗАНБИЕВАЛЪ.***

# РагIиладай гьаракь дир миллаталъул




**Дир гIагараб миллат нурлъун гвангъизе, мугIрузда рещтIараб талихIалъул бакъ. Гьелъул къисматалда накъищ угьараб бокьула мун дие, дир магIарул мацI. Гьеб мацIалъ гIодана МахIмудил пандур, угьдана суратал дов Халилбегил. Гьеб мацIалъ бицана дунялалъе кIудияв шагIирас Дагъистаналъул.**

21 февралалда МахIачхъалаялда, Р. ХIамзатовасул цIаралда бугеб миллияб библиотекаялда тIобитIана рахьдал мацIазе сайгъат гьабураб тадбир. Гьенир гIахьаллъана тахшагьаралъул вузазда цIалулел ругел къватIисел пачалихъаздаса студентал, республикаялъул жамгIиял хIаракатчагIи, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутатал, шагьаралъул школазул цIалдохъаби ва учительзаби, журналистал ва цогидалги гьалбал.

Тадбир нухда бачарай библиотекаялъул хIалтIухъан ГIайшат ГIабдулаевалъ цоги нухалда ракIалде щвезабуна гьеб байрамлъун лъугьараб къоялъул тарих. Жакъасеб гIелалда мацI кIочон течIого букIине щиб гьабун лъикIилан абураб суалалъе жидерго жавабалгун кIалъазе рахьана библиотекаялъул директорасул заместитель Сарат ЖабрагIилова, ГIали Камалов, Денга Халидов, Халкъияб Собраниялъул депутат МухIамад МухIамадов ва цогидалги. Школазда рахьдал мацIазул дарсал кьеялъул бугеб хIакъикъаталъул бицана рахьдал мацIазул учительзабаз.

Ирга щвана студентазде. Гьез гIурус ва жидерго мацIазда рикIкIана, ахIана кучIдул. ЦIалдохъабазги гьезул учительзабазги рикIкIана, ахIана, цIалана рахьдал мацIазде гьарурал кучIдул.

Гьалеха исанаги кIодо гьабуна рахьдал мацIазул байрам. Кидаго гIадин, бицунелдай хутIила? Яги рагIиладай миллиял мацIал цIугIиялда хIинкъи бугел дагъистаниязул гьаракь лъида ва кида бугониги…?

## Конкурс




ХIурматиял учительзаби, цIалдохъаби, гьезул улбул!

Конкурс гIуцIулеб буго Россиялъул халкъазул Ассамблеялъул Дагъистаналъулаб гIуцIиялъ.

Гьалеха иргадулаб нухалдаги лъазабулеб буго **«ЧIагояб классика»** конкурс. Гьаб нухалда гьеб сайгъат гьабизе буго гIицIго прозаялъе. Нужеца ритIизе ккола магIарул мацIалда ракIалдасан проза цIалулел видеороликал. Цогидал мацIаздаса магIарул мацIалде буссинабураб прозаги бегьула. Кидаго гIадин, конкурсалъул гIахьалчагIи рикьизе руго кIиго къокъаялде:

**- Шагьаралъул школаздаса гIахьалчагIи.**

**- Росабазул школаздаса гIахьалчагIи.**

**Соназда рекъонги рикьизе руго чанго къокъаялде:**

**- Ясли-ахазул гIахьалчагIи**

**- Байбихьул классазул гIахьалчагIи**

**- Гьоркьохъел классазул гIахьалчагIи (5-8 классал)**

**- ЧIахIиял классазул гIахьалчагIи (9-11 классал)**

**- ЧIахIиял (учительзаби ва цогидалги адабият бокьулел магIарулал)**

Конкурсалъул финалияб бутIаялде ахIизе руго киналго гIахьалчагIи. Гьенире рачIиналде, видеороликазда рекъон, бакIалги къун рукIине руго. Соналдаса соналде конкурсалъул гIахьалчагIазул къадар цIикIкIунеб букIиналда бан, бакIал кьеялъул къагIидаги хисизабулеб буго. Гьелъ рес кьезе буго киналго гIахьалчагIазе финалалда гIахьаллъизе ва жидерго пагьму бихьизабизе.

Конкурсалъул хIасилал гьаризе руго марталъул ахиралда, ай ихдалил каникулазул заманалда, учительзабазулги цIалдохъабазулги хIалтIул къоял хвезаричIого рукIиналъе гIоло.

ХIалтIаби ритIизе бегьула гьал адресазде:

**- shamay.kazanbieva@mail.ru; magomed.manapov2001@mail.ru**

КIалъазе бегьула гьал номеразде:

**- 8-963-413-82-99** – Шамай Хъазанбиева; **8-989-665-41-83** – МухIамад Манапов.

ХIалтIаби къабул гьаризе руго анцIабилеб марталде щвезегIан.

Тадбиралъул финалияб бутIа тIобитIизе бугеб къо жеги мухIкан гьабила.

ГьитIинабго малъа-хъвайги – рокъобе къураб дарсил хIасил бицунеб гIадин ккечIого букIине цIалулеб текст, гьарула нужеда социалиял гьиназда халгьабе гIурус мацIалда тIобитIулеб «Живая классика» конкурсалъул гIахьалчагIаз кин цIалулеб бугебалиги.

# Ахирисел багьадурзаби

**Жидер хIакъалъулъ хъвазеги рагIизеги мустахIикъаб гурони хъизам ЩIумада районалда гьечIониги, пикру ккана жакъасеб къоялъул багьадураллъун жал рикIкIунел, Гьигьалъ росдал администрациялде гьоркьобе унеб Балъхахьи колода гIумру гьабун ругел АхIмадюсуп Сажидовасул, ПатIимат ХIамидовалъул ва гьезул хъизамалъул хIакъалъулъ хъвазе.**

Щай гьел багьадурзабилъун кколелилан гьикъизеги бегьила нужеца. Жаваб кьела къокъго: цо анкьалъ яшав гьабизе Балъхахьи щва, хадуб нужедаго бихьила, бичIчIила. Дун гьение щвана, бихьана ва бичIчIана, киназго кIалухъ рахъарал цогидал бакIаздаса къураб бакI, хIисаб гьабурасе, гьениб гьечIеблъиги.



Дол соназ росулъ кьойидаса кьойиде дагьлъулел рукIаниги, гIадамалги рукIана хIажалъи ккаралъе хIалае рахъинеги, букIунаан тIаде-гьоркье хьвадиги, цоцалъ гьуинлъи-гьудуллъиги.

ТIогъал гIаздал цIурал мугIруз сверун къараб, ахирал соназ боцIуца гурони, гIадан-чияс къанагIатги хIетI чIоларел мегъалги, щурункьверкъалилан жал кколел ганчIаз ханлъи гьабураб, цо кидаялиго кIудияб росулъун букIараб ва гьанже кули хутIараб бакI бихьидал, гIажаиблъиялда цадахъго пашманлъиги загьирлъана рекIелъ, гьадин чIвадназде сверулел ругинха магIарухъ росабиян. Амма чIухIизеги бачIана, гьаб дир инсул росу буго, гьаниб дир мина буго, гьанив вижана ва ахирисеб хIухьелги гьанибго цIала, кивениги инарин абун кьварун чIарав АхIмадюсупги гьесда аскIоса кьурударей ПатIиматги рихьидал.

- Цивилизациялги нужералдаса квешаб гьечIо, экологияги бацIцIадаб буго, - ян абуна гьез, нижер пикраби лъарал гIадин. - Камураб щибго гьечIо, аскIов чи гьечIого рукIин гурого. Щибаб гьатIанкьоялъ рачIуна лъималги, кIвараб кумекги гьабун уна гьелги. Рохарал руго, ниж чIаго ругебгIан мехалданиги жидерго ватIаналде бугеб сухьмахъ гьезда кIочонгутIиялдаса...

Эбел-эмен разиял, кIудиязул адаб, гьитIиназул тIалаб бугел, магIарул намусги, гIадатги, гIамалги чорхолъ бессарал лъимал рукIиналдаса кIудияб талихIги щибха букIинеб? Анкьгоял руго АхIмадюсупилгун ПатIиматил: лъабго ясги ункъо васги. Киназего кьуна лъикIаб тарбия, тIадегIанаб лъай, щивасда батана гIумрудулъ жиндирго бакI, щивасул буго жидерго хъизан-рукъ. Гьезул лъималазул къадарин абуни бахуна анцIила анкьгоялде...

...1973 соналъ Агъвали росдал школаги лъугIизабун, цIализе ана ПатIимат ДГУялде. Районалда специалистал гIоларого рукIиналда бан, бащдаб лъагIалидасан заочно цIалиги босун, гьей хIалтIизе тIамуна Гьадири росдал микьгосонил школалда байбихьул классазул мугIалимлъун. ЛъагIалидасан гьей хIалтIизе тIамуна Балъхахьи росдал байбихьул школалде. Бигьаго букIинчIо гIолохъанай специалисталъе хIалтIул байбихьуда, амма гьей захIмалъабазе къуркьичIо, цIалиги, хIалтIиги, хъизан-рукъги цогидазе мисалияб куцалда цадахъ бачана. Гьенив дандчIвана гьелда гIумрудул гьудул АхIмадюсуп, жеги гIолохъанго вукIаниги, къисматалъул кьварилъабазда кьвал базе ккарав. Эбел-эмен гьечIого хутIараб лъабго лъимадухъ балагьичIого, гьезие эбеллъи гьабизе нигаталда бухьана гIолохъанай ПатIиматица гьесулгун къисмат ва гьале кIикьоялда ичIабилеб сон унеб буго цо кIалдисан кIалъан, чехьги мугъгигIанги ратIалъичIого цадахъ гIумру гьабулеб бугелдаса.

Дол соназ росулъ кьойидаса кьойиде дагьлъулел рукIаниги, гIадамалги рукIана хIажалъи ккаралъе хIалае рахъинеги, букIунаан тIаде-гьоркье хьвадиги, цоцалъ гьуинлъи-гьудуллъиги. Улкаялъул цебетIейги халкъалъул яшавги лъикIлъанагIан гIун бачIунеб гIелалъе бокьана гIатIидаб шагьранухги, байрамкьоял концертазухъ, гIодоркьоял клубазда киноялъухъ балагьизе рес бугел бакIазде гочине. Амма АхIмадюсупил хъизан росулъа кьуричIо. Ахирисел багьадурзаби гIадин руго гьел гьенир. Яшав гьабизе дагьаб бигьалъаниги (рокъобе лъим бачин, мобильнияб бухьен бачIин гIадал рахъал), 50 соналъ цебе гIадин, жакъаги добго гIузру буго балъхахьисезул – гьечIо автотранспорт хьвадизе нух. Кинаб бугониги кьваригIел ккун кьватIире рахъине ккани, кьолон хIамулгун, 4-5 километралъул манзилалъ рилълъине ккола гьадирисезул гIорхьоде, шагьранухде. Гьанжени васазулги машинаби ругин, цере гIадин, бакъукьги цIадакьги рахъун чIезе ккун яги машина бачIинегIан лъелго ин гьечIин рохун руго гьел, бигьалъабазул бицунаго.

Щивас тIаса бищула жиндиего къисматилан абула. Аллагьасги абун бугелъул гIамал гьабейилан, гьелъги батила гьеб гьедин, ва АхIмадюсупиги ПатIиматилги къисматалъулъ аслияб бакI ккола напсалъ, хъизамалде рокьиялъ, ай гьитIинабго колода хутIарал гьел ккола кIиго бетIерги ургъун, ункъабго квералъ талихIги гIуцIун магIишаталда ругел чагIи.

Лъимал тIуразеги, щибаб нухалъ гьезда хадур Агъвали росдал школалдеги, хадуб институтазда цIалулелъул гьенире хьвадизеги ккараб мехалда, гIезегIан захIматго букIана ва жакъаги гьединго буго. ГIакъубакьварилъи цIикIкIун бихьанагIан захIмат бокьулеллъун гIуна гьезул лъимал. ЦIалулъгун хьвадачIвадиялъулъ цадахъ цIалулезе мисалияллъун рукIана гьел.

Эбел-инсуцаго гIадин Зульфияца, Айдемирица ва Шамилица тIаса бищана мугIалимасул пиша ва хIалтIулел руго Агъвали росдал школалдагун спорткомплексалда. Арсеница тIаса бищана бухгалтерасул иш ва хIалтIулев вуго районалъул лъай кьеялъул управлениялъул бетIерав бухгалтерлъун.

Жакъасел гIолилазе щиб насихIат гьабилебин гьикъидал, ПатIиматица абуна, тIоцебесеб иргаялда, хъизан - нуж кIиязулго ханлъи букIин кIочене тезе бегьуларин ригьнаде лъугьунел гIолохъабазда.

- Хъизан гьабураб гIоларо, гьеб хьихьизеги, ургъун, борцун хIалтIизеги ккола, мадугьалихъ, гIагарлъигун гьуинго рукIинеги ккола, ккаралъуб вацлъиги васлъиги гьабун. ГьитIинаб гъоркьан, кIудияб тIасан биччан тIамизе ккола гIумру. ЗахIматалде куцазе ккола лъимал гьитIинго, эбел-инсул горбода раччун ругьун гьаричIого. Щулияб букIине ккола вакьад-якьадалъулгун дурцнусалъул бухьен, гьелги дурго эбел-эмен гIадин адаб-хIурматалда рачине ккола нухда, кIвараб лъикIлъиги гьабун. КIудиязул гIакълу гIадахъ боси дагьлъун буго, адаб-хIурмат лъугIун буго, гIарцуда хадур рекерахъдиялъ беццлъизарун, бецIлъизарун руго нилъ. Гьелъ лъикIалде рачунаро. ГIемерлъун буго гIолохъанал хъизамазде гьорлъе эбел-инсул раккари. Сабру, гIакълу кьезе кколеб бакIалда, гьечIелъусан балагьунги тIалаб гьаби, букIинаби гIемерлъун буго гьезулги. ЖамгIияталъул кьучI, аслу бугин хъизамилан букIана советияб заманалда ахIи. КьучI сундулго щулияб букIине ккола, гурони, кьед гуреб, рукъги, хIатта тIубанго минагицин биххун иналда хIинкъи букIуна. Дир гьара-рахьи буго гIолохъанал хъизамазе - хабар къокъаб, кьадар халатаб батаги. Кинабго байбихьула хъизамалдаса, хIатта ракьалда рекъелгицин, - ян абуна ПатIиматица.

ТIокIабги лъикI кинха абилеб?! ГIумрудул дарсал росизе Балъхахьи ине ккелин гIолилал абуни, мекъиги букIина, АхIмадюсупилгун ПатIиматил гIадаб цо кIалдисан кIалъан, берзул балагьиялдасанго цоцада ричIчIи бугел, 25-50 ва жеги цIикIкIунги сонал цадахъ ран гIуцIарал, цогидазеги мисалиял хъизамал районалда гIемер ругелъул.

ЧIужугIаданалъул кIварги хъизан цIуниялда цIикIкIараб буго: сабру, гIодое йиччай, хIалалаб бугелда гIей гьаби, цогидазулгун жахIда-хIусуд, хьантIи гьечIолъи...

Жидеда тIадал ишал хъизан цIуниялда тIуразе ккола бихьиназги. Гьеб мехалъ букIина ракьалда талихIал гьурмазул гвангъи, цоцалъ гьуинлъи, букIинеселъе щулияб кьучI.

Берцинаб тIабигIатги, согIал шартIалги, умумузул тарихги бихьизе, кидаялиго кIудияблъун букIараб росдал хутIараб колол ахирисел моиканазул талихIаб гIумру бихьун, гIумрудул дарсал нужеего росизе рачIа Балъхахькире.

*Хадижат ЗАЛУМХАНОВА*

# Хъизамалъул бетІер ва насихІатчи



БежтІа росулъ гьабсагІаталда бищунго кІудияв чи вуго 1956 соналда Венгриялда ккарал рагъулал лъугьа-бахъиназул гІахьалчи ХІасан Ражабов. Гьев гьавуна 1934 соналда. КватІичІого, 23 февралалда, гьес тІубазе буго 90 сон.

ЛъаратІа районалъул рагъулаб комиссариаталъ 1956 соналда ХІасан ахІана Советияб Армиялде. Гьев ккана танказул полкалде. КватІичІого гьеб битІана Будапешталде, ва 1957 соналъул байбихьуде Будапешт тІубанго эркен гьабуна.

Гьеб эркен гьабиялъул рагъазулъ камиял ккана нилъер солдатазда гьоркьорги. Гьеб рагъда чІвана ХІасанил гьалмагъ, Казбек районалдаса Герейхан МухІамадовги.

Гьеб рагъулаб дандечІеялда гІахьаллъарал советиял рагъухъабазе Венгриялъул хІукуматалъ кьуна «Венгрия эркен гьабиялъухъ» абурал медалал.

Венгриялдаса ХІ. Ражабовасул полк битІана Украинаялде. Балта шагьаралда рагъулаб борчги тІубазабун, 1958 соналда гьев тІадвуссана ватІаналде. Росулъ рукІинчІо учительзаби. Гьединлъидал ХІасан витІана Гъуниб педучилищеялде цІализе. 1960 соналда байбихьана росдал байбихьул школалда хІалтІизе. Пенсиялде инегІан ХІасан Ражабов вукІана росдал гІолеб гІелалъе тарбиягун лъай кьолев. ГІемерал соназ гьев вукІана школалъул профкомалъул председательлъунги, ва ракІбацІцІадаб хІаракаталъухъ 1973 соналда гьев мустахІикълъана «Социалистияб къецалъул цевехъан» абураб шапакъаталъе. Школалъул художествияб коллективалъул нухмалъулев хІисабалда, цІалдохъабиги рачун, ХІ. Ражабов щвана ЛъаратІа, Хунзахъ, Хьаргаби районазде. Гьенир тІоритІарал батІибатІиял къецазда щварал шапакъатал ва баркалаялъул кагътал жакъаги цІунун руго педагог-ветеранас.

Гьесул архивалда руго СССРалъул аскариязул юбилеязда хурхун щварал шапакъаталги: «СССРалъул Рагъулаб къуваталъул 70 сон тІубаялде», «1941-1945 соназул КІудияб ВатІанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 65 сон тІубаялде» ва гь.ц.

40-ялдаса цІикІкІун соналъ школалда хІалтІана ХІасан. Амма хІухьбахъиялда вугониги, хІалхьи гьечІеб ракІалъул инсан кидаго гІахьаллъула росулъ тІоритІулел мажлисаздаги росдал школазул тадбираздаги. Чанго нухалъ вищун вукІана росдал советалде депутатлъунги.

Гьал къоязда дун щвана ХІасанихъе. Гьес бицана гІадлу гьечІолъиялъ хвезабулеб бугин халкъазда гьоркьосеб вацлъи-гьуинлъи, чучлъизабулеб бугин улкаялъул къуват, гучилан. Хадуб ракІалде щвезаруна гІумруялда дандчІварал ва росдал цебетІеялъулъ кІудияб бутІа тарал росуцоял. Жиндаса цере абадияб рокъоре арал пишацоязе дугІаги гьабулаго, ХІасаница рехсана БежтІа росдал школалда цадахъ хІалтІарал учительзаби СагІдула Шайхов, МухІамад ИсмагІилов, ГІабдулатІип Адаев ва школалъул директорлъун вукІарав ХІасан Сулейманов. «Учительлъун хІалтІизе дун вачІараб заманалда росдал школалда гІемерисел учительзаби рукІана къватІиса рачІарал. Асливаб къагІидаялда гьел рукІана Гатчинское педучилищеялдаса ритІун рачІарал гІурус учительзаби. Хадурккун рачІана Дагъистаналъул батІиял районаздаса учительзаби. Гьезда гьоркьорги цІикІкІарасел рукІана Сугъралъа. Гьединлъидал нижер школалда абулаан «МахІатІиловасул гимназиялъул филиалин» абун. Нижер школалда хІалтІана Сугъралъа ГІабдулаевал, Варисовал, АхІматІовал, Агъаевал ва цогидалги.



КвегІиса кваранидe: ХІасан Ражабов, ГІабдулмажид МухІамадшапиев, Муса ГІумалов

Школалда рагъун букІана интернат. Гьенир цІалулаан ЦІунтІаса, Анкьракьалъул росабалъа, Гуржиялъа ва Азербайжаналъул Закаталагун Белоканалдаса лъимал. Интерналъул директорлъун йикІана Хунзахъа ПатІимат Испагьиева.

Советияб заманалда дида цере цІаларал цІалдохъаби рахъана машгъурал спортсменал (самбоялъул рахъалъ дунялалъул щуцІул чемпион ХІусен ХІайбулаев), бизнесменал («АБО» фирмаялъул нухмалъулев МухІамад Пахрудинов), гІалимзаби (ДНИИПалъул гІалимчи ХІайбула Вакилов, ДГПУялъул проректор МухІамадсагІид ИсмагІилов ва гь.ц.) ва офицерзаби (Буйнакск районалъул рагъулав комиссар ХІайдар Ражабов) ва цогидалги», - ян ракІалде щвезабуна ХІ. Ражабовас.

Гьесул буго кІудияб хъизам. Гьал къоязда 85 сон тІубана хъизан ПатІиматица. Эбелалда байрам баркизе рачІун рукІана анлъавго васги, цо йигей ясги ва гьезул лъимагги. Щуго васас гІумру гьабулеб буго Гъизляр районалъул Крайновка росулъ. Гьезда гьоркьоса МикагІил хІалтІулев вуго рехсараб росдал школалъул директорлъун. Васазул васаз тІаса бищана рагъулаб хъулухъ. Масала, Арсен Ражабовас лъугІизабуна рагъулаб училище ва хъулухъ гьабулеб буго Сириялда бугеб Россиялъул аскариязул къокъаялда гьорлъ. Гьев мустахІикълъана гІемерал орденазеги медалазеги.

Пенсиялде арав ХІасан Ражабовас къачІана Балакури колода бугеб умумузул рукъ. Хъизан ПатІиматги гьевги тІубанго руссун рукІана умумузул магІишаталде: хьихьулаан, бажарулебгІан заманалъ, боцІи, бекьулаан хур. Лъабго-ункъо километралъул манзилги нахъа тун, щибаб рузманкъоялда ХІасан щолаан росулъе – жамагІаталда цадахъ как базеги росулъ ккараб-тараб лъазабизеги.

Росуцоязул гьариялда рекъон, баркула гьесда гІумрудул 90 сон тІубай ва ВатІан цІунулезул къо. Аллагьас сахлъи кьеги гьесие.

*ШугІайб РАЖАБОВ,*
*БежтІа росу*

## ЧІахІиязе мисал, гІисиназе дарс

**Цебего бокьун букІана Унсоколо росулъ гІумру гьабун вугев дир вукІарав мугІалим МухІамадов Сулейманил хІакъалъулъ макъала хъвазе. Гьев ккола ХъахІабросулъа. Щуго класс лъугІизегІан цІалана росдал школалда. Хадув цІализе ана Игьали росулъе. Гьениб 6-7 классги лъугІизабун, цІалана Унсоколо росулъ. 10 класс лъугІаралдаса, цІализе лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб педагогияб институталде – физикаялъулгун математикаялъул факультеталде.**



Гьебги лъугІизабун, 1971 соналда хІалтІизе вачІана ХъахІабросдал микьгосонилаб школалде. Гьесул бугеб бажари ва хІалтІуде бугеб гьира бихьун, гьеб соналъго тІамуна завучлъун ва 1981 соналда гьесда тІадкъана военрукасул хІалтІиги. Гьесулги мунагьал чураяв Генуса Казимбегилги хІаракаталдалъун, 1982 соналда ХъахІабросулъ рагьана гьоркьохъеб школа.

Лъималазде бугеб рокьиги гьабулеб хІалтІулъ жигарчилъиги бихьичІого хутІичІо районалъул хІакимзабазда. 1985 соналда Сулейман вачана райкомалде хІалтІизе. Гьев хІалтІана батІибатІиял бакІазда: гІуцІиялъул, идеологияб, культураялъул отделазул нухмалъулевлъун, райадминистрациялъул аппаратальул кумекчилъун, пресс-хъулухъалъул нухмалъулевлъун.

Кив хІалтІизе лъугьаниги, гьес живго вихьизавуна унго-унгояв махщелчилъун, тІадкъараб ишалъулъ жавабчилъи, рекІелъ иман, яхІ-намус бугев инсанлъун. Гьесул жигараб хІаракаталдаса рази рукІана районалъул гІадамал. ХІалтІухъабазда гьоркьовги гьев вукІана къадру-къиматалда.

Сулейман вукІана коллективалда гьоркьов гІуцІарухъанги. Командировкаялде киве витІаниги, тІоцеве гьев щолаан школалде, унаан дарсазде. Инсуца лъималазе гІадин бицунаан гьес учительзабазе хабар. Жиндирго хІалтІуда цадахъ гьес тІубалаан жамгІияб хІалтІиги. Гьев вукІана профсоюзалъул ва районалъул Ветераназул советалъул нухмалъулевги.

Сулейман МухІамадович ккола ЗахІматалъул ва Спорталъул ветеран. Гьесие щвана батІибатІиял шапакъатал: районалда цебе гьабураб ракІбацІцІадаб хІалтІухъ кІиго медаль, республикаялъул ва Россиялъул ветераназул гІуцІабазул Баркалаялъул кагътал, Россиялъул ветераназул гІуцІабазул ХІурматалъул грамотаби, гьединго Россиялъул Ветераназул советалъул каранда балеб ХІурматалъул гІаламат. Гьелдаго цадахъ районалда чІахІиязда гьоркьоб тІоцебе гьесие щвана ГТОялъул кІиабилеб даражаялъул удостоверениегун каранда балеб гІаламат.

Пенсиялда вугониги, гьабсагІаталдаги гьев ахІула лъималазул ахазде, школазде, спортшколазде. Сулейман вуго гІолеб гІелалъул насихІатчи. Кутакалда рокьула гьесие гІисинал лъимал. Гьесул махщел буго макъалаби хъвазеги, кучІдул гьаризеги. Гьев вуго ракІбацІцІадав жамагІатчиги насихІатчиги.

Цогидазе мисаллъун вуго гІаданлъиялъул рахъальги. Щибаб къоялъ радал векерун, гьес нахъа тола 9-10, цо-цо мехалда 15-20 километрги.

Аллагьас къуватги, жанги, гьунарги кьеги Сулеймание гІун бачІунеб гІел куцаялъе гьабулеб хІалтІулъ.

*ГІали МУХІАМАДОВ,*
*ХъахІабросдал гьоркьохъеб школалъул учитель*

## ЛЪАНИ ЗАРАЛ ГЪЕЧІО

Дунялалда ругел мацІал дагъ-дагъккун тІаса унел рукІин лъиего балъголъи гуро. Гьелъие гІиллалъун рикІкІунеб буго гІадамазул гочари, хасго рахьдал мацІал церетІеялъе рес гьечІолъи. Ингилис, гІурус, китай мацІаз цогидал нахъе цулел руго.

Дунялалда ругел мацІазул 400-ябниги

倭

рикІкІуна тІагІиналда хІинкъи бугеблъун. ХІатта руго мацІал цо чиясда гурони лъаларелги. ГІалимзабаз чІезабун буго, мацІ тІагІинчІого букІине ккани, миллионгІан чи гьеб мацІалда кІалъазе кколин абун. ГьедигІанасев чи кІалъалеб мацІазул къадарги дунялалда 250 гурони гьечІо.

Руго лъугІаралин рикІкІунел рукІарал мацІал «чІаголъиялъул» хІужабиги. Масала, иврит. ЛъугІанин рикІкІунеб букІараб гьеб мацІалда гьабсагІаталда кІалъала 9 миллион чи, гьезда гьоркьоса 6 миллион чияс гьеб жидерго рахьдал мацІлъун рикІкІуна.

Бищунго дунялалда тІибитІараб мацІ ккола китай мацІ. Гьелда кІалъала 1,3 миллиард чи.

Китай мацІ рикІкІуна бищун некІсияблъунги, цІунун буго цебегосеб хъвайхъвагІайги. Китаялъул цо-цо иероглифал гІуцІун руго 20-30 хІуччалдаса.

## ЗИГАРА

ЦерегІанго къоязда къадаралде щвана «ХІакъикъат» газеталъул божарав гъудул, мугІалим ва шагІир, НахІада росулъа СагІадула-хІажи Жамалудинов. Гьев редакциялдеги гІемер вачІунаан, гьесул макъалаби, кучІдул газеталдаги рахъулаан.

СагІадула-хІажи вукІана лъикІав инсан, Аллагьасда цевеги лъикІавлъун ватаги гьев.

«ХІакъикъаталъул» коллективалъ гьесул хъизан-лъималазда, гІагарлъи-божилъиялда ва росдал жамагІаталда зигараги балаго, БетІергьанасда гьарула гьев иманалда тІовитІун ватагийин абун.

* * *

Авар мацІалъул мугІалимзабазул ассоциациялъул БежтІа участкалда бугеб идараялъул вакилзабаз зигара балеб буго НахІада росдал школалъул мугІалим СагІадула-хІажи Жамалудинов Аллагьасул бацІцІадаб къадаралде щвеялда бан, гьесул хъизан-лъималазда ва школалъул коллективалда.

Аллагьас иманалда тІовитІун ватаги, нахъе ругезе щулияб сахлъиги халатаб гІумруги кьеги.

## РАГІИКЪОТІ




**ГІебеде:** 7. Кверазда бахунеб беэнлъи. 9. ЦІайиялъул некІсияб роцен. 10. Зиян, ками. 11. Багъа хирияб металл. 13. Аллагь разилъулеб гІамал. 14. ТІаса бищараб, бищун лъикІаб квен. 16. Рорхатал мугІрузда букІунеб гІалхул куй. 18. ХинкІал гьарулеб гІурччинлъи. 19. ГІалхул жанавар. 20. Лъадал гъваридаб рахъ. 22. Танчил тайпа. 23. Хъачагълъи, гъара гьаби. 24. Хасалил ретІел, сагула. 25. Огоб-ролъалда релълъараб заралияб чІахІ. 27. ХІайваназда гІемераб жо. 28. Бищунго кІудияб океаназулгун ралъадазул рухІчІаголъи. 30. Жанисеб лага. 31. Дагъистаналъул район. 33. Чияда нахъасан кІалъай. 34. Каракалпакиялъул тахшагьар. 35. Офицерасул чин. 37. БетІерлъуда халиф вугеб пачалихъ. 38. Хъван битІулеб кагъат.

**ГІодобе:** 1. Ралъадазги, океаназги сверун ккураб кІудияб ракъдаллъи. 2. Маххул устар. 3. Чороклъи, хъублъи. 4. Автомашинаби хьвадулеб нухде тІолеб жо. 5. Руччабаз буголъи цІунулеб бакІ. 6. ЦІалул киналго заведениязда кьезе кколеб жо. 8. ЧчугІил тайпа. 9. Ралел бакІазул материал. 12. Техникияб спирт. 13. Хур бекьулев чи. 15. Югалда бижулеб кидаго гІурччинаб накІкІигъотІол цо тайпа. 17. КигІан чІамуниги къулчІулареб жо. 19. ХІалухъин цІунулеб бакІ. 21. Вичун восарав чи. 22. Богорукъалъул алат. 24. Нилъеда сверухълъи, берда бихьулеб бакІ. 26. Аскарияв, солдат. 28. Бицатаб квар. 29. Цыганал чІараб бакІ. 31. БитІккей, икъбал. 32. Ханасул яги наибасул чукъа. 35. Буголъи, бечелъи. 36. Рохьил гъветІ.

*ГІуцІана ГІалиасхІаб ДАВУДМИРЗАЕВАС,*
*ЧІарада район, Гьочоб росу*

**5-аб. номералда лъураб рагІикъотІалъе жавабал:**

**ГІебеде:** 1. МагІна. 4. Арбат. 7. Саратов. 10. Сенат. 11. Ленин. 12. Ракетка. 13. Драма.16. Хъвата. 19. КаратІ. 22. Сахлъи. 23. Астма. 24. Латин. 25. Луара. 26. Спирт. 27. Сурма. 30. Атлас. 33. Кагъру. 36. Антенна. 37. Тимар. 38. Рабат. 39. Адвокат. 40. Канат. 41. Адлер.

**ГІодобе:** 1. Месед. 2. ГІанса. 3. Астра. 4. Авлахъ. 5. Банда. 6 Тонна. 8. Раква. 9. «Татра». 14. Рисалат. 15. Махсара. 17. Витрина. 18. Трактор. 19. Килас. 20. «Ротор». 21. ТІанса. 28. Устав. 29. Минск. 30. «Артек». 31. Лимон. 32. Сарат. 33. Карта. 34. Гьобол. 35. Устар.

ХІАКЪИКЪАТ

**БетІерав редактор**
ХІАСАНОВ Темирхан МухІамадович
65-00-66

**Заместителал**
Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ
Зикрула ИЛЬЯСОВ

**Жавабияв секретарь**
МухІамадхІабиб МАХІАТІОВ

**Отделал: Информация, политика, гІелму ва лъай кьей**
Редактор: **Кавсарат Сулейманова**
Ашахан Юсупов
Рукъият ГІалисултанова

**РухІияб хазина**
Редактор: **ПатІимат ГьитІинова**

**Адабият ва тарих**
Шамай Хъазанбиева

**Росдал магІишат**
Редактор: **ГІабаш ГІабашилов**
МухІамад Манапов

**Районазулгун бухьен**
Редактор: **ПатІимат МухІамаева**
ПатІимат СултІанмухІамадова

**ЦІалдолезул кагътал**
Нури Нуриев
ГІайшат ХІалакъова

**Корректор**
Хадижат Дамаданова

**Социалиял гьинал, IT-технологиял**
МухІамадкарим ХІамзаев
Мадина ХІажимаева
Хадижат Арчамова

Электронияб почалъул адрес:
**hakikat1917@mail.ru**
**www.hakikat.info**

Заказ №____
Печаталъе гъулбасана - 20.00
Гъулбасана - 19.00

**РЕДАКЦИЯЛЪУЛ ВА ИЗДАТЕЛЬСТВОЯЛЪУЛ АДРЕС:**
367018 МахІачхъала, Насрудиновасул проспект, 1-А
Газета къватІибе биччана «Лотос» басмахана» ОООялъ
367000, МахІачхъала Пушкинил къватІ, 6
«ХІАКЪИКЪАТ» ГАЗЕТА

ГІУЦІАРАЛ:
ДРялъул Информациялъулгун печаталъул агентство

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД от 21.05.2019 г.
Регистрационный номер ПИ № ТУ05-00427

Макъалабазда рехсарал хІужабазул, тарихазул, балъголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.
Редакциялъ кидаго гуро макъалаялъул авторасул пикру гІахьал гьабулеб

**Тираж - 5009**
Газеталъул индекс: 51314 (бащдаб лъагІалие)

Багьа 15 гъурущ

БатІи-батІиял соназда газета къватІибе бачІунеб букІана хадур рехсарал цІаразда гъоркь: «Заман», «Аваристан», «ХІалтІулел чагІи», «ГІагІарал мугІрул», «МагІарул мискинзаби», «МагІарулав», «Социализмалъул байрахъ», «МагІарул большевик», «Дагъистаналъул правда», «БагІараб байрахъ».